Я махуэмкIэ ехъуэхъуащ

2-нэ нап.

Рищэ и толъкъунхэм щIаупскIа усыгъэ

3-нэ нап.

Театрхэр я зэфIэкIхэмкIэ зохъуэжх

3-нэ нап.

«Адыгэ лъэпкъым сызэрыщыщым сропагъ»

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№121 (24.559) ● 2023 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 10, гъубж Тхьэмахуэм щэ къыдокI И уасэр зы тумэнщ

Пшынауэхэм я Iэзагъэр къыщагъэлъагъуэ

4-нэ нап.

Мэкъумэш Iэнатlэм и ехъулIэныгъэхэр ягъэлъагъуэ

Жэпуэгъуэм и 8-м Налшык къалэм Абхъазым и утыкушхуэм щызэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и агропромышленнэ комплексым и зэфIэкIхэм техуэ мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэ. Абы кърихьэлIащ мэкъумэшымрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь Iэнатlэм пэрытхэмрэ я мазэ ягъэлъапIэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и куейхэм, къалэхэм я къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ, лъэпкъ-Iуэрыlуатэ гупхэм ягъэдэхащ мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэр. Сабийхэм папщIэ щIыналъэм и Гуащэ театрым игъэхьэзырыщ таурыхъхэм кIыхьтращIыкIа теплъэгъуэ хьэлэмэтхэр.

Мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэр кIыхьзригъэпэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, мэкъумэшыщIэхэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь Iэнатlэм пэрытхэмрэ я мазэр ягъэлъапIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм, мэкъумэшыщIэхэмрэ ерыскъыпхъэм елэжь Iэнатlэм пэрытхэмрэ я мазэр ягъэлъапIэ.

«Дэ дыхуейщ, ди сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ щIым елэжьхэм, абыхэм я Iэдакъэщ IэкIэм пщIэ хуащIу къэдгъэхъуну. А Iэнатlэм пыщIа Iэщ Iагъэхэм я пщIэр къэIэтыным дегугъунущ. Нобэ сехъуэхъуну сыхуейщ гъавэ, хадзэжкI, пхъэщхьэмыщхьэ гъэкIыным, Iэщ гъэхъуным, абыхэм пыщIа Iэщ Iагъэхэм ирилажьэхэм икIи фIыщIэшхуэ яхуэощI я къару емыблэжу я Iэнатlэхэм зэрыпэрытым папщIэ», - яжриащ КIуэкIуэ Казбек гуфIэгъуэ Iуэхугъуэм тетхыныкIу къыщхуэса журналистхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэм къыщэритамкIэ

ДыкъеIэбыхыж хъунукъым

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэм елэжь промышленностымрэ я лажьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу къыщэрагъэпэща пшыхьхэм.

КЪЭРАЛ концерт гъэлъэгъуапIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш промышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэр щагъэлъэпIащ. Iэщ Iагъэпlэхэм я пащхьэм зыкъыщыгъэлъэгъуащ творческэ гуп щIэрыIуэхэм.

Пшыхьыр къыщыхэзIуихым, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Иужьрей илъэситхум мэкъумэш-промышленнэ къудамэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр кьеГъэлъагъуэ. А пIалъэм кIрикIуащ, мэкъумэш хозяйствэм къыщIыгъэкI продукцIэр 1,4-кIэ хэхъуащ, къэжIыгъэхэр – процент 53-кIэ, Iэщ гъэхъуным ейр – процент 25-кIэ.

Гур хэзыгъахъуэ ехъулIэныгъэхэр къагъэлъэгъуащ щIым елэжь ди лэжьакIуэхэм. Илъэсым хуэзэу кIрахьэлIа гъавэр тонн 1 мелуанрэ мин 300-м щIегъу, абы щыщу нартыхуу кIыдачар тонн мелуаныкIи щIегъу. Мащ Iэу дыз Iэбэжкlыжмэ, апхуэдэ бжыгъэхэр ди пщIыхьэпIэмэ къыхэдгъахуэртэкъым. Илъэситхум и кIуэцIкIэ нартыхуу кьетхьэлIам и бжыгъэр тонн мини 3-кIэ хэхъуащ. Илъэс къэс тонн 15 хуэдизкIэ нэхъыбэ къыдохъулIэ.

Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэжкIыу илъэсым кIрахьэлIар тонн мин 680-м щIегъу, ар хуэдэ 2,6-кIэ игъэрейм нэхърэ нэхъыбэщ. Къэрал псом тепщIыхьмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и закъуэ хадзэжкIыу кьалэжьам и бжыгъэр процент 16-м нос. Шэч къытесхьэркъым а бжыгъэм дяпэкIи зэрыхэхъуэнум.

Республикэм ехъулIэныгъэшхуэхэр къыщыгъэлъэгъуащ гъавэр хьумэн Iуэхуми. Зэ гъэтIылъыгъуэ тонн 270-м нэс щыпхъумэрыпу гуэнкэр диIэщ. Илъэситхум и кIуэцIкIэ а бжыгъэри тонн 80-кIэ хэхъуащ, нэгъуэщIу жьпIэмэ, процент 67-кIэ нэхъыбэ. Псыщ Iэгъэльадэ Iэмалыр къызэрагъэсэбэпым и фIыгъэкIэ, ехъулIэныгъэфIэр щыдIэщ къэжIыгъэ гъэкIынми. А къудамэм сом мелярди 2,3-рэ бюджетым щыщу хуэдгъэпIыщащ, жьрей эмэнэм. 2019 - 2023 гъэхэм къриубыдэу, псы зыщIэбгъэлъадэ хъуну щIыуэ гектар мин 30-м щIигъу къагъэсэбэпым щIадзащ. АпхуэдэщIу диIэ гектар мини 130-м щыщу иджыпсту гектар мин 70-м щIигъуи псы щIагъэльадэ.

Лыжкl Iэкъэжьныжьи ефIэкIуэныгъэхэр диIэщ - илъэситхуи и кIуэцIкIэ Iэщрэ джэду ягъэхъуам и хэхъуэр процент 18-м щIегъу, шэуэ къыщIашым и бжыгъэр процент 16-кIэ зилэтащ. Ерыскъыпхъэ промышленностым къыщыщIагъэкI продукцыи я бжыгъэм хэхъуащ. «Ерыскъыпхъэхэр къыщIэгъэкIын» лэжьыгъэ къудамэм хьэзыру къаша продукцэм процент 70-кIэ щыхэхъуащ, хадзэжкI консервхэмкIэ КИФЩI-м пэрыт увыпIэхэр щытIыгъщ. Илъэс блэкIам фIэлуГъэу банкI мелуан 359-м нэс ику иту къыщIэдгъэкIащ.

2023 гъэм и гъавэ Iухьжьыгъуэри и кIэм нос. ЩIыуэпсым и щытыкIэм емылытауэ, ди мэкъумэшыщIэхэм ехъулIэныгъэфIэхэр мыбыи къыщагъэльагъуэ. Мазийм къриубыдэу мэкъумэш продукцэм и нагъыщэр процентти 109,1-кIэ хэхъуащ. А пIалъэм крибыдэу, абы и хэхъуэр нэсащ сом мелард 32,9-м.

НобэкIэ дэ къаныз щымыIэу цIыхур зыхъэныкъуэ псори къыщIыдогъэкI. Къинэмыщ Iауэ, абыхэм республикэм и щIыбкIи щIэупщIэшхуэ щагъэщ. Абы къеГъэльагъуэ ди продукцэм, адрейхэм неуэфын хуэдэу, фIагъ льагъэ зэриIэм.

Шэч хэмылъу, а псори мы къудамэм щылажьэ цIыхухэм я фIыгъэщ. Республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм щылажьэхэм фIыщIэшхуэ яхудощI, я Iэзагъым папщIэ. Дауи, а ехъулIэныгъэхэм дэ дыльэIэсынутэкъым УФ-м Мэкъумэшымкlэ и министерствэм зыкъытщIыкъуэу щымытамэ, абыхэми фIыщIэшхуэ яхудощI.

Мэкъумэш комплексым зыщIэгъэкъуэныр сыт хуэдэ зэманри къэралым и унэтIныгъэ пэрытхэм язу къокIуэкI. Нобэ диIэ ехъулIэныгъэхэр зыIэщIэдгъэкI хъунукъым. Мыхьэнэ нэхъ ин идот гъавэ кьехьэлIэным, пхъэщхьэмыщхьэ хадзэм, хадзэжкIэм елэжьным, мелиорацэм, гъэтIылъыпIэхэр зэгъэпэщыным, гъэщымрэ лымрэ нэхъыбэ тщIыным, фермерхэм защIэдгъэкъуэнымрэ мэкъумэш кооперацэм зедгъэужьынымрэ.

ЩIым и пшэрагъым хэдгъахъуэу, хьупхъэзэхым, генетикэм, жылэ хэхькIэм делэжьу, иджыдрей Iэмэпсымаэхэр къэдгъэщхьэпэу зедгъэсэн хуейщ, республикэм мэкъумэш лэжьыгъэкIэ узыщыгугъ хъуну Iэмал псори къэдгъэсэбэпын хуэдэу. ТIъэкI къэдмыгъанэу, мэкъумэш Iэщ Iагъэпlэхэм защIэдгъэкъуэнущ. Дызэрыт илъэсым мэкъумэш хозяйствэм сом меларди 3,5-рэ хуэдэу Iыпщащ.

Нобэ дыздыкъуэса лъагапIэхэм дыкъеIэбыхыж хъунукъым, мыльку и лъэныкъуэкIэ къэралыр кьызэрыддэIэпыкъу лъэныкъуэхэм нэхъ жыджэру зедгъэубгъун хуейщ. Мыхьэнэ нэхъ ин зэттыр цIыхухэр нэхъыфIу псэууэ щIыныщ. Абы хеубыдэ жылагъуэ, инженер инфраструктурэм зегъэужьыныр, къуажжэр зэIуэпащ щIыныр. Республикэм и лъэныкъуэмкIи куэд дыдэ хузэфIокI. Мы программэм мыльку хуэутIыпщын и лъэныкъуэкIэ дэ УФ-м нэхъыфIу ит щIыналъэхэм дахеубыдэ. Егъэджэныгъэм, узыншагъэм, щэнхабзэм, спортым епха уху ныгъэщIэхэр зэфIыдогъэвэ, гъэзугъэм долэжь, псы зэбгрыдош. Дяпэкlи тIъэкI къэдгъэнэнукъым къуажжэм псэукIэр щефIэкIуэн, иджырей инфраструктурэр нэдгъэсын папщIэ. А псори УФ-м и Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэщ».

Мэкъумэш промышленнэ комплексым хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ, къэрал саугъэтхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэфIэхэр ехъулIэныгъэ къэзыгъэлъэгъуэхэмрэ къыхагъэщащ. Пшыхьым я цIэ къыщIрайуащ экономикэмкIэ пэрыт увыпIэ къэзыхьа щIыналъэ 13-мрэ къалэ округхэмрэ. Къэкlыгъэхэмрэ Iэщ гъэхъунымрэ щалэ ехъулIэныгъэхэмрэ илъэсым и кIуэцIкIэ дэтхэнэ муниципальнэ щIылъэм республикэм и мэкъумэш продукцэм хуищIа хэлъхьэныгъэмрэ елъытауэщ щэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIар.

2022 гъэм ехьэлIауэ, Шэджэм, Лэскэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм текIуэныгъэр хуагъэфэщащ. Саугъэт папщIэу абыхэм иратащ дэни щыпхыкIыф автомашинэхэр. ТекIуэныгъэр зыIэрыхьа муниципалитетхэм я унафэщIэхэр зэгурыIуащ, машинэхэр дэз Iэуху хэхам щыIэхэм хурагъэшэну. Иджыри апхуэдэ машинищ кьащэхунущ шыгъажэ екIуэкIам къыщахьа текIуэныгъэ тыгъэхэм янэкъ иткIэ къаIэрыхьа ахъшэмкIэ.

● Экономикэ

ХьэрычэтщIэным теухуа зекIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэ гуп фокIадэм и 25 - 28-хэм Белоруссием щыIащ. Ар къызэригъэпэщат КъБР-м «Мой бизнес» и центрым и къудамэм - хамэ къэралхэм ядэлжьэну хьэзыр Iуэхущ Iапlэхэм я жэрдэмыр ядэIыгъыным хузэгъэпсам.

ХЬЭЩIЭХЭР Белоруссием щIэкIуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щытар ди щIыналъэхэм я хьэрычэт Iэнатlэ мащIэмрэ курытымрэ щыщIэ щытыкIэр зэрагъэпщнырт, узыдэлажьэ хъуну Iуэхущ Iапlэхэм я Iуэху зытетыр зэгъэщIэнырт, лъэныкъуитI зэпыщIэныгъэхэр ирагъэжьэнырт.

«Хьэрычэт щIэным теухуа зекIуэ» зыфIаща иджырей Iуэхугъуэр къыщIэбгъэкIа продукцэр зэпщэну хамэ къэралхэм я Iуэхущ Iапlэхэр езым зэбгъэщIыхужынир, зэгурыIуэныгъэхэр абыхэм епщIылIэжынир псом нэхърэ нэхъ тэмэму, нэхъ фейдэ къыпэкIуэу къальытэ. А программэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ ящIащ езыхэр зыпэрыт Iэнатlэхэм хуэдэхэр зезыхьэу Белоруссием щIыхэм я унафэщIхэм икIи зрагъэпэщнырт я лэжьакIэхэр. Абы хэтащ хамэ къэралхэм ядэлжьэну хьэзыру, хьэрычэт Iэнатlэ мыиныжр иту итымрэ хэтхэу республикэм и Iуэхущ Iапlащ - «Техно-Алмаз» ОАО-р, «Аква-Кристалл», ССЦ «Отбор» ООО-хэр.

Белоруссием и Iуэхущ Iапlэхэм щыIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм хэгъэрейхэм ирагъэлъэгъуащ, абыхэм я рынокым хьыхьэн папщIэ, къыщIагъэкI продукцэр, я фIагъым щыгъуазэ ящIащ, лъэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэну щIыкIэм, абы щыкъэкIа щIапхъэхэм, нэгъуэщIхэми яхутепсэлъыхьащ.

Белоруссием и хьэщIэхэм я лъэгуаехэмкIэ арэзы хъуащ, КъБР-м и предприятэхэм къыщыщIагъэкI продукцэхэм я фIагъыр къалъытащ, икIи адэжь зэдэлажьэн гугъэжр зэраIэр къыжраIащ.

БАТОКъУЭ Албэч.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэм къыщэритамкIэ

ЛIыхъужьыгъэм и щапхъэ зэрахьэу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и цIыхухэм захуигъэзащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм Кавказым щхьэкIэ ирагъэкIуэкIа зауэм Совет Армэм текIуэныгъэ къыщихьа махуэм и щIыхькIэ.

«ПЩIЭ зыхуэсщIу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэ!»

Илъэс 80 ипэкIэ нобэ хуэдэ махуэм ухущ Хэку зауэшхуэм и къэхъугъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы – Кавказым щхьэкIэ ирагъэкIуэкIа зауэр. Ар екIуэкIащ махуэ 442-кIэ икIи махуэ 900-кIэ блокадэм ита Ленинград зыхэта зыхъумэжьныгъэм къыкIэлъыкIуэу ар Хэку зауэшхуэм и зэпэщIэныгъэ нэхъ кIыхь дыдэу цIытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэри зыхэта Кавказым и щхьэщыжакIуэ гупым дуней псом ирагъэлъэгъуащ лIыгъэм, лIыхъужьыгъэм, къэмылэнджагъэм я щапхъэ нэс, ахэр зэуащ щIым и зы Iэгуплэ къэс я гъащIэр щIатыну хьэзыру, кавказ щIыдагъэр зыIэщIалъхьэнымкIэ Гитлер ищIа унафэр къызэпаудащ. Ар къаIэрымыкIхьэмэ, нэмыцэ машинэхэр ипэкIэ зэрымыкIуэтэфынур, зэрыхагъэщIэнур наIуэт. ИкIам-икIэжми аращ къэхъуар 1945 гъэм текIуэныгъэр къытхуэзыхьа и гъатхэм.

А махуэ лъапIэм дэ захудогъэщхъ Кавказым щхьэкIэ екIуэкIа зауэм лIыгъэ къыщызыгъэлъэгъуа лIыхъужьхэм. Абыхэм я хахуагъэр щIэблэм зэи ящыгъупщэнукъым. Нобэ дэ ар тхуохъу Iуэхушхуэхэм дытезыгъэгушхъэ, лъэпкъэр зэкъуегъэувэри, къыпIыкIыжьыкIкIэ хъуну шынагъуэхэм, гузэвэгъуэхэм даззэрыпэщIэтын псэкупсэ кьарукIи депсыхь.

Сигуми си псэми кьабгъэдэкIыу мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэмкIэ сынеплохъуэху, мамырыгъэ, фIыгъуэ, зэIуэпэщIыгъэ къыфхудэкIуэну, - щыжеIэ зэрызыхуагъэзэ тхыгъэм.

Хьэрычэт щIэным теухуа зекIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэрычэтыщIэ гуп фокIадэм и 25 - 28-хэм Белоруссием щыIащ. Ар къызэригъэпэщат КъБР-м «Мой бизнес» и центрым и къудамэм - хамэ къэралхэм ядэлжьэну хьэзыр Iуэхущ Iапlэхэм я жэрдэмыр ядэIыгъыным хузэгъэпсам.

ХЬЭЩIЭХЭР Белоруссием щIэкIуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу щытар ди щIыналъэхэм я хьэрычэт Iэнатlэ мащIэмрэ курытымрэ щыщIэ щытыкIэр зэрагъэпщнырт, узыдэлажьэ хъуну Iуэхущ Iапlэхэм я Iуэху зытетыр зэгъэщIэнырт, лъэныкъуитI зэпыщIэныгъэхэр ирагъэжьэнырт.

«Хьэрычэт щIэным теухуа зекIуэ» зыфIаща иджырей Iуэхугъуэр къыщIэбгъэкIа продукцэр зэпщэну хамэ къэралхэм я Iуэхущ Iапlэхэр езым зэбгъэщIыхужынир, зэгурыIуэныгъэхэр абыхэм епщIылIэжынир псом нэхърэ нэхъ тэмэму, нэхъ фейдэ къыпэкIуэу къальытэ. А программэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ щIащ езыхэр зыпэрыт Iэнатlэхэм хуэдэхэр зезыхьэу Белоруссием щIыхэм я унафэщIхэм икIи зрагъэпэщнырт я лэжьакIэхэр. Абы хэтащ хамэ къэралхэм ядэлжьэну хьэзыру, хьэрычэт Iэнатlэ мыиныжр иту итымрэ хэтхэу республикэм и Iуэхущ Iапlащ - «Техно-Алмаз» ОАО-р, «Аква-Кристалл», ССЦ «Отбор» ООО-хэр.

Белоруссием и Iуэхущ Iапlэхэм щыIа нэужь, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм хэгъэрейхэм ирагъэлъэгъуащ, абыхэм я рынокым хьыхьэн папщIэ, къыщIагъэкI продукцэр, я фIагъым щыгъуазэ ящIащ, лъэныкъуитIыр зэрызэдэлажьэну щIыкIэм, абы щыкъэкIа щIапхъэхэм, нэгъуэщIхэми яхутепсэлъыхьащ.

Белоруссием и хьэщIэхэм я лъэгуаехэмкIэ арэзы хъуащ, КъБР-м и предприятэхэм къыщыщIагъэкI продукцэхэм я фIагъыр къалъытащ, икIи адэжь зэдэлажьэн гугъэжр зэраIэр къыжраIащ.

БАТОКъУЭ Албэч.

КIэлъыплъыныгъэм щIэту

КъБР-м и Правительствэм хэтхэм я къалэнхэр зэрагъэзащIэм теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ КъуэдзокъуэУ Мухьэмэд, министрхэр, щIыналъэм хыхьэ районхэм, къалэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Къэзыпщытэ управленэм и унафэщ Кирин Александр убгъауэ тепсэлъыхьащ. Iуэху зыIутыр. ЗэфIагъэкIахэм я фIагьымрэ къапэкIуамрэ, къэрал, щIыналъэ къулыкъущIэхэм я лажьыгъэ къыщагъэпэщыкIэр зэпкърахащ.

Къыщэхуэсахэр тепсэлъыхьащ лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ япкъ иткIэ, республикэм щекIуэкI ухуэныгъэхэмрэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэмрэ. Фипгу къэдгъэкIыжащи, мы гъэм ухуэныгъэ 80-м щIигъу и кIэм нагъэс е къагъэщIэрэщIэж. Ахэр и чэзум яухыным, зыхуэл хуэзэу ящIыным кIэлъоплъ зи къалэнхэр.

Зытепсэлъыхьахэм ящыщу нэхъ игу зыхуэмызэгъахэмкIэ пщэрыльэ щхьэхуэзэр ящищIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщылъхэмрэ

Дызэрыт илъэсым и мази 9 блэкIам къриубыдэу республикэм игъэта социально-экономикэ зыужьныныгъэм иджыблагъэ щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIа зэIущIэм. ЗэхуэсыМ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ КъуэдзокъуэУ Мухьэмэд, министрхэр, щIыналъэм хыхьэ районхэм, къалэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

КIУЭКIУЭ Казбек къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм экономикэмкIэ зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэм хэхъуэ зэпыту зэрыщытыр. Премьер-министр Мусуков Алий зэрыжиIамкIэ, промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, ухуэныгъэ Iэнатlэм къыщалэжь продукцэм, щIэзэфIагъэкI лэжьыгъэхэм хэхъуащ. Iэнатlэхэм я зыужьныныгъэм халъхьэ мылькури нэхъыбэ хъуащ, мази 9-м хуэдизу ар процентти 112-м нэсыну хуагъэфащэ. Республикэм и бюджетым кIихъуэ мылькум а зэманым къриубыдэу сом мелуан 46-м нэс хэхъуащ. Нэгъабэ и иджы хуэдэ лъэхъэнэм епIыпытмэ, ар процентти 102,8-рэ мэхъу.

Социальнэ и лъэныкъуэкIэ мылькушхуэ зыхухахахэм ящыщу цIыху къыздэрыдашэкI транспорту сом мелуан 400 и уасэ къыздэращэхуар. Апхуэдэу сом мелуан 200-кIэ хэхъуащ льготэ зиIэхэр хущхьэкIэ къызэгъэпэщыным хуаутIыпщ мылькуми. Псори зэхэту хущхьэхэр къэщэхуным хуаутIыпщыр 2024 гъэм сом мелуан 900 хъунущ. А унэтIынигъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым япэ увыпIэр щIыгъущ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэм. ЩIыпIэм щагъэзащIэ проект зэмылIэужьыгъуэу 45-м хухаха сом мелуан 11,4-м щыщу республикэ бюджетым кIыхьэкIащ сом мелуанитIым щIигъу. Псори зэхэту проектхэр гъэзэщIэным трагъэкIуэдакIэщ мылькум и процент 68-рэ.

ЩIыналъэр бжыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхэхьэзырым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсалъэ вице-премьер Къунижь МуIэед. Абы зэрыжиIамкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхущ Iапlэхэр хьэзырщ хуабагъыр фэтэр куэду зэхэт псэупIэ унэхэми, нэгъуэщI Iэнатlэхэми иратыну. КъызэрымыкIуэщытыкIэ кьэхьумэ, ар зэман кIэщIым къриубыдэу зэфIэзэыхьжьфын Iэщ Iагъэпlэхэм щыIащ. Республикэм хьэхъэ щIыналъэхэм езыхэм унафэ тращIыхьыж унэхэр гъэкуэбэным щыщ Iадзэну пIалъэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек кьалэн зэрращIам ипкъ иткIэ, гуЛыитэ хэха хуащIынуц ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэр мы гъэм щызэфIаха гъэзэщIэным трагъэкIуэдакIэщ мылькум и процент 68-рэ.

ЩIыналъэр бжыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхэхьэзырым теухуауэ зэIущIэм къыщыпсалъэ вице-премьер Къунижь МуIэед. Абы зэрыжиIамкIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхущ Iапlэхэр хьэзырщ хуабагъыр фэтэр куэду зэхэт псэупIэ унэхэми, нэгъуэщI Iэнатlэхэми иратыну. КъызэрымыкIуэщытыкIэ кьэхьумэ, ар зэман кIэщIым къриубыдэу зэфIэзэыхьжьфын Iэщ Iагъэпlэхэм щыIащ. Республикэм хьэхъэ щIыналъэхэм езыхэм унафэ тращIыхьыж унэхэр гъэкуэбэным щыщ Iадзэну пIалъэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек кьалэн зэрращIам ипкъ иткIэ, гуЛыитэ хэха хуащIынуц ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжныгъэ лэжьыгъэхэр мы гъэм щызэфIаха къапэщылъхэмрэ ягъэзэщIэным трагъэкIуэдакIэщ мылькум и процент 68-рэ.

Iэщ Iагъэпlэхэм щыIащ. Республикэм и щIыбкIи щIэупщIэшхуэ щагъэщ. Абы къеГъэльагъуэ ди продукцэм, адрейхэм неуэфын хуэдэу, фIагъ льагъэ зэриIэм.

Шэч хэмылъу, а псори мы къудамэм щылажьэ цIыхухэм я фIыгъэщ. Республикэм и мэкъумэш Iэнатlэм щылажьэхэм фIыщIэшхуэ яхудощI, я Iэзагъым папщIэ. Дауи, а ехъулIэныгъэхэм дэ дыльэIэсынутэкъым УФ-м Мэкъумэшымкlэ и министерствэм зыкъытщIыкъуэу щымытамэ, абыхэми фIыщIэшхуэ яхудощI.

Мэкъумэш комплексым зыщIэгъэкъуэныр сыт хуэдэ зэманри къэралым и унэтIныгъэ пэрытхэм язу къокIуэкI. Нобэ диIэ ехъулIэныгъэхэр зыIэщIэдгъэкI хъунукъым. Мыхьэнэ нэхъ ин идот гъавэ кьехьэлIэным, пхъэщхьэмыщхьэ хадзэм, хадзэжкIэм елэжьным, мелиорацэм, гъэтIылъыпIэхэр зэгъэпэщыным, гъэщымрэ лымрэ нэхъыбэ тщIыным, фермерхэм защIэдгъэкъуэнымрэ мэкъумэш кооперацэм зедгъэужьынымрэ.

ЩIым и пшэрагъым хэдгъахъуэу, хьупхъэзэхым, генетикэм, жылэ хэхькIэм делэжьу, иджыдрей Iэмэпсымаэхэр къэдгъэщхьэпэу зедгъэсэн хуейщ, республикэм мэкъумэш лэжьыгъэкIэ узыщыгугъ хъуну Iэмал псори къэдгъэсэбэпын хуэдэу. ТIъэкI къэдмыгъанэу, мэкъумэш Iэщ Iагъэпlэхэм защIэдгъэкъуэнущ. Дызэрыт илъэсым мэкъумэш хозяйствэм сом меларди 3,5-рэ хуэдэу Iыпщащ.

Нобэ дыздыкъуэса лъагапIэхэм дыкъеIэбыхыж хъунукъым, мыльку и лъэныкъуэкIэ къэралыр кьызэрыддэIэпыкъу лъэныкъуэхэм нэхъ жыджэру зедгъэубгъун хуейщ. Мыхьэнэ нэхъ ин зэттыр цIыхухэр нэхъыфIу псэууэ щIыныщ. Абы хеубыдэ жылагъуэ, инженер инфраструктурэм зегъэужьынымрэ, къуажжэр зэIуэпащ щIыныр. Республикэм и Iэтащхьэмкlи куэд дыдэ хузэфIокI. Мы программэм мыльку хуэутIыпщын и лъэныкъуэкIэ дэ УФ-м нэхъыфIу ит щIыналъэхэм дахеубыдэ. Егъэджэныгъэм, узыншагъэм, щэнхабзэм, спортым епха ухуэныгъэщIэхэр зэфIыдогъэвэ, гъэзугъэм долэжь, псы зэбгрыдош. Дяпэкlи тIъэкI къэдгъэнэнукъым къуажжэм псэукIэр щефIэкIуэн, иджырей инфраструктурэр нэдгъэсын папщIэ. А псори УФ-м и Президентым къыхилъхьа лъэпкъ проектхэм я фIыгъэщ».

Мэкъумэш промышленнэ комплексым хуищIа хэлъхьэныгъэм папщIэ, къэрал саугъэтхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэфIэхэм ехъулIэныгъэ къэзыгъэлъэгъуэхэмрэ къыхагъэщащ. Пшыхьым я цIэ къыщIрайуащ экономикэмкIэ пэрыт увыпIэ къэзыхьа щIыналъэ 13-мрэ къалэ округхэмрэ. Къэкlыгъэхэмрэ Iэщ гъэхъунымрэ щалэ ехъулIэныгъэхэмрэ илъэсым и кIуэцIкIэ дэтхэнэ муниципальнэ щIылъэм республикэм и мэкъумэш продукцэм хуищIа хэлъхьэныгъэмрэ елъытауэщ щэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIар.

2022 гъэм ехьэлIауэ, Шэджэм, Лэскэн, Дзэлыкъуэ щIыналъэхэм текIуэныгъэр хуагъэфэщащ. Саугъэт папщIэу абыхэм ираташ дэни щыпхыкIыф автомашинэхэр. ТекIуэныгъэр зыIэрыхьа муниципалитетхэм я унафэщIхэм зэгурыIуащ, машинэхэр дэз Iэуху хэхам щыIэхэм хурагъэшэну. Иджыри апхуэдэ машинищ кьащэхунущ шыгъажэ екIуэкIам къыщахьа текIуэныгъэ тыгъэхэм янэкъ иткIэ къаIэрыхьа ахъшэмкIэ.

ЛIыхъужьыгъэм и щапхъэ зэрахьэу

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек республикэм и цIыхухэм захуигъэзащ нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм Кавказым щхьэкIэ ирагъэкIуэкIа зауэм Совет Армэм текIуэныгъэ къыщихьа махуэм и щIыхькIэ.

«ПЩIЭ зыхуэсщIу Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэ!»

Илъэс 80 ипэкIэ нобэ хуэдэ махуэм ухущ Хэку зауэшхуэм и къэхъугъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы – Кавказым щхьэкIэ ирагъэкIуэкIа зауэр. Ар екIуэкIащ махуэ 442-кIэ икIи махуэ 900-кIэ блокадэм ита Ленинград зыхэта зыхъумэжьныгъэм къыкIэлъыкIуэу ар Хэку зауэшхуэм и зэпэщIэныгъэ нэхъ кIыхь дыдэу цIытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжхэри зыхэта Кавказым и щхьэщыжакIуэ гупым дуней псом ирагъэлъэгъуащ лIыгъэм, лIыхъужьыгъэм, къэмылэнджагъэм я щапхъэ нэс, ахэр зэуащ щIым и зы Iэгуплэ къэс я гъащIэр щIатыну хьэзыру, кавказ щIыдагъэр зыIэщIалъхьэнымкIэ Гитлер ищIа унафэр къызэпаудащ. Ар къаIэрымыкIхьэмэ, нэмыцэ машинэхэр ипэкIэ зэрымыкIуэтэфынур, зэрыхагъэщIэнур наIуэт. ИкIам-икIэжми аращ къэхъуар 1945 гъэм текIуэныгъэр къытхуэзыхьа и гъатхэм.

А махуэ лъапIэм дэ захудогъэщхъ Кавказым щхьэкIэ екIуэкIа зауэм лIыгъэ къыщызыгъэлъэгъуа лIыхъужьхэм. Абыхэм я хахуагъэр щIэблэм зэи ящыгъупщэнукъым. Нобэ д

Я махуэмкIэ ехъуэхъуащ

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ Урысей МВД-м хыхьэ Штаб IэнатIэхэр къызэрызэрагъэпэщырэ илъэси 105-рэ зэрырикъум хуэгъэпса зэIуцIэ гуапэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI IэхуэхэмкIэ министру щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий штаб IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм я махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ. Къыхигъэщащ министерствэм и кIуэлыкъущIапIэхэмрэ IэнатIэхэмрэ я кьалэнхэр игъэзэщIыным, я зэдэлэжьныгъэр зэгъэуIуным абы мыхьэнэшхуэ зэрыщIэр. Ведомствэм и штаб IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм министрым фIыщIэ яхуищIащ, жиIащ узыншагъэ быдэ, насыпэ, унагъуэ зэIуэзэпэщIагъэ, кIуэлыкъуэ ехъулIныгъэхэр щаIэну зэригуапэр.

- Штабым къулыкъу щащIэ лэжьакIуэ нэхъыбфIхэм икIи абыхэм махуэ къэс къагъэлъагъуэ я IэщIагъэм зэрыхащIыкIыр, кьалэщIэт пщэрылъхэр нэсу зэрызэфIахыр. Сыныбохъуэхъу фи махуэшхуэмкIэ! - къыхигъэщащ министрым.

Адэкlэ лэжьакIуэ нэхъыбфIхэм гулъытэ хуэущIащ. КъБР-м щыIэ МВД-м и щIыхь тхылъхэр иратащ зи кьалэныр хьэлэлу езыхьэкI, ехъулIныгъэ лъагэхэр къэзыгъэльэгъуахэу республикэ МВД-м и штабым и инспекцэм и инспектор нэхъыжь Глущенко Роман, Урысей МВД-м и кьудамэу Шэрэдж районым щыIэм и штабым и унафэщI Кульбаев Залымхан, КъБР-м щыIэ МВД-м и штабым мыхьэнэшхуэ зиIэ пщэрылъхэмкIэ и инспектор нэхъыжь Бесльэней Каринэ сымэ.

Мы гъэм ведомствэм и штаб IэнатIэхэм я лэжьакIуэ нэхъыбфIу кьалъытащ пщэрылъ хэхаэмкIэ инспектор нэхъыжь, майор Терентьевэ Юлие. Павлов Василий фIыщIэ тхыгъэ ираташ Юлие и адэ-анэм.

- Си псэм хьыбгъэдэкIыу фIыщIэ фхузощI апхуэдэ пхъу зэрывгъэсам папщIэ! - кьыхигъэщащ Павлов Василий.

Штаб IэнатIэхэр къызэрызэрагъэпэщырэ илъэси 105-рэ зэрырикъум и фэеплъ медалхэр иратащ КъБР-м щыIэ МВД-м и штаб кьулыкъум илъэс куэдкIэ щыпэжжа ветеранхэу Шырыт Люсярэ Къармэ Анзоррэ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и штабым и лэжьакIуэхэм унафэ ящIащ зи лъакъуэхэм сэкъат иIэхэу Налшык кьалэ дзт Сабий унэм и гъэсэнхэм ядэIэпыкъу. Сабий унэм и дохутыр нэхъыщхьэ Кърымыкъуэ Маритэ ираташ сабийхэр Iэмал имыIэу зыхуеину хьэпшыпхэр.

IэнатIэм и лэжьакIуэхэу зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда Гузиев Тlэхьиррэ Сокъур Альбертрэ я сабийхэм ираташ спорт хьэпшыпхэр кьызэращхуну сертификатхэр.

ЗэIущIэм и кIэлъыкIуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министру щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Павлов Василий фIыщIэ яхуищIащ кьулыкъум и ветеранхэу штаб IэнатIэхэр зэфIэувэнымрэ зауэнынымрэ хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа-хэм.

УАРДЭ Жантинэ.

МУРТАЗ Ланэ: Сабийхэм сыт и лъэныкъуэкIи заужьыным догугъу

Къытщlэхъуэ щlэблэр хэкупсу, я льэпкъ хабзэм тету, нэмыс яхэльу къэгъэхъуным гулъытэ хэха хуэтщIыпхъщ, ди къэкIуэнур дахэу щытыну дыхуейдмэ. Абыхэм хуэгъэпсау «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» и фIэщыгъэру илъэс илэкIэ къэралым къыщызэрагъэпэщам. Нобэ ди псэлъэгъуэ а зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм и лэжьакIуэ Муртаз Ланэ.

- Ди зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар сыт, Ланэ?

- 2022 гъэм Урысей Федерацэм и унафэщIхэм я жэрдэмкIэ къызэрагъэпэщауэ щытащ «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэр. Илъэс дрикъуауэ араш, ауэ жьыжь плъэ мурадкэр диIэу. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, къытщIэхъуэ щIэблэм щалъхуа Хэкур фIыуэ ялъагъуэ, хабзэм, бзэм, щэнхабзэм пщIэ хуащIу, щэныфIэугъэсэныр псом нэхърэ нэхъыщхьэр. Ди лэжьыгъэм нэхъыбэу ахэращ зыщытедгъащIэри.

Зэгухьэныгъэм къызэщIеубыдэ гъэджэнымкIэ, щIэныгъэм, технологием, щэнхабзэмрэ гъуэджэмрэ, волонтёрствэм, спортым, узыншагъэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэм, дипломатием, щIыуэпсым, туризмэм, нэгъуэщI куэдми сабийхэр кьыхэштаа, дедгъэхьэха хъуным ехьэлIа Iуэхугъуэкэр.

Иджыпсту а къезбжэкIа унэтIыныгъэхэмкIэ проект щхьэхуэхэр мэлажьэ. Абыхэм ябгъ иткIэ еджакIуэ цIыкIуэм Iэмал ягъуэт зыхэт гупым щыпашэу щытын щхьэкIэ зыхуэныкъуэхэм нэIуасэ зыхуащIыну. Псалъэм папщIэ, цIыкIуэ хэтыкIэ зрагъэщIэну, я щIэныгъэм хагъэхъуэну, политик, артист пажэхэм яIущIыну, щэнхабзэмрэ гъуэджэмрэ пыщIа Iуэхугъуэхэм хэтыну, экспертхэм яхуэзэну, нэгъуэщI-хэри. КIэщIу жыпIэмэ, сыт и лъэныкъуэкIи заужьыным догугъу. Дыззлэжьын ди куэдщ...

- Уэыртепсэлъыихь проектхэм я гугъу тщIымэ, сытхэр фхуэзэфIэкIа?

- Илъэсым кьриубыдэу я проектхэм ябгъ иткIэ Iуэхугъуэ зыбжанэ ди дежь щедгъэкIуэкIащ. Псалъэм папщIэ, щалъхуа цIыпIэр, пщIантIэр, унэр фIыуэ зыпIалъу цIыкIуэм щхьэкIэ «Ди пщIантIэм дэс си ныбжьэгъуэхэр» проектыр. Абы зэхуишэсащ заакъыпIэгъу, зи Iуэху ептыкIэхэр зэтеохуэ сабийхэр.

Апхуэдэуи едэкIуэкIащ «Унагъуэ командэ» спорт фестивалыр, «Дэ Урысейм дыкьыщащIохъущ» проектым хьыхь Iуэхугъэр, нэгъуэщIхэри. Ауэ, абыхэм щыщу псом нэхърэ нэхъ сигу кьинэжар гъэмахуэм щыIа «Пашэхэм я чэзущ» проектыращ. Республикэм и кьудамэ зэгухьэныгъэм щыщу сабии 160-рэ махуэкIэ щаIыгъ лагерым махуипщIкIэ щыIащ. Нэхъыжьу абыхэм яхэтар сэрат. Ар си ялъэ апхуэдэ Iуэхуэ ситегъэзэныхьыр икIи срипIейтейрт сабийхэр кьыхуэдамыкьэхмэ, ахэр зэзмыгъэдэIуфмэ, си гупысэхэр абыхэм я деж нэзмыкьэсыфмэ, жьыхуэсIэ. АрщхьэкIэ, зэрыжаIэу, сыщIэгугъэвэн щыIакъым. А махуипщIым апхуэдизкIэ зэпэгъуэнэгъу дыззхуэхъуат цIыкIуэмрэ сэри, лагерым дызэрыщIыпIалъэр кьыдэмэщIэкIат, дызэбгрыкIыжьыну дыхуэмейуэ апхуэдэт.

Сабийхэм абы щыгъуэ я хьэщIащ республикэм и гъэзэщIакIуэ властым и лIыкIуэ зыбжанэ икIи псалъэмакъ щхьэпэхэр ирагъэкIуэкIащ. Абы нэмыщI, мастер-классхэр, спорт джэгуэр зэхэтщIащ. ЦIыкIуэм ахэр псори гукъинэж ящIыхъуащ.

Гъэ еджэгъуэщIэм щыщIидзэжьым ирихьэлIэу едгъэжьащ «ЩIэныгъэлIым и дежь хьэщIапIэ» проект иныр. Апхуэдэ щыкIэкIэ ди мурадщ сабийхэр еджэным, щIэныгъэфI зэгъэзыгъэным нэхъ пэгъунэгъу хуэгъэщIыну, ди университетхэм тшэну, абыхэм я еджагъэшхуэхэм, щIэныгъэлIхэм яхуэдгъэзэну, кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI лабораторэхэр едгъэлъагъуну, нэгъуэщIхэри. А проектым кьызэщIиубыдэнущ республикэм и сабий 2000-м щIигъу.

- Ди лэжьыгъэм щынэхъыщхьэр сабийрщ.

- Пэжщ, сыт хуэдэ Iуэхугъуэ кьедмыхьэжьэми, псом ящIэщущ сабийрщ - ар зыгъэпIейтейр, зытегъэзыехьыр, е зыгъэгуфIэр, и хьэпсэлIэр къэхтщIэн щхьэкIэ. ЦIыкIуэм зыхедгъэщIэн хуейщ дэ ахэр зэрызэхэтхыр, зэрызэхэтщIыкIыр, я псалъэм дызэрыщIэдэIур, мыхьэнэ зэреттыр. Армырауэ хъунукъым.

Дэ дыхущIэкъуркъым ахэр псори зы кьупхъэм идгъэувэну, я гупысэкIэхэр сыткIи зэтехуэну, зэхуэдэу балигъ ГъащIэм хэдгъэхьэну. ШхьэжьитI, и дуней ептыкIэ иIэзэн хуейщ, щхьэжь лъэныкъуэ зырызкIэ, зэрыхуейм хуэдэу зиужьыжу. Мис ар тхуэзэфIекIмэ, ди лэжьыгъэр хуэдэхъулIауэ къэслъытэнущ. Дэ къыптпэщIыпщ сабийм и зэфIэкIыр къызыкъуедгъэхьину, нэхъыбфIым ар тедгъэгушхуэну, къэралым, республикэм я цIыху нэс къахэкIын папщIэ.

- Ди зэгухьэныгъэм къыхьыхьну щIэхъуэпс ныбжьыщIэхэр дауэ къызэрыхэфхыр?

- Школым фIы дыдэу щеджэжмэ олимпиадэхэм щытекIуэхэмрэ я зауэхъым ди дежь къакIуэхэр, атIэ ди бжэри, дигури яхуэзыхуащ дэтхэнэ зы сабийми, ар къызыхэкIа унагъуэм, я псэукIэм, зыщащ лъэпкъым, школым зэрыщеджэм, и гупсысакIэм, дуней тетыкIэм емыльытауэ.

Абыхэм я ныбжьыр ильэси 6 - 18-хэм хъеубыдэ. Абы нэмыщI, балигъэкIи къыхьхьэ хьунущ ди зэгухьэныгъэм. Апхуэдэхэм унэтIа-кIуэкIэ доджэ. Псалъэм и хьэтыркIэ, дэ дропагэ икIи дрогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек псом япэ ди зэгухьэныгъэм зыхэзрыхьыхьам. Идджыпсту ар ЗэзэгъэуIу советым и тхьэмадэр, куэдкIэ щIэгъэкъуэн къытхуохьу.

- Зэгухьэныгъэм цIыху дапщэ нобэ къызэщIиубыдэрэ, республикэм и куейхэм къудамэхэр фыщIэ?

- «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщIыр Шыпш Аслъэнбий. Республикэм и муниципалитет 13-м зэщIэхъееныгъэм и къудамэхэр щыIэщ, цIыхуитI-щIы щылажьэу. Ди щIыналъэм и курыт еджапIэхэми апхуэдэхэр къыщызэIуах. Идджыпсту ди зэгухьэныгъэм и къудамэу республикэм щыIэр 270-м нэблагъэ. Налшык къэтщэнщи, цIыхуипIл, сэри сахэту, мыбы дыщолажьэ. Къалэ курыт еджапIэхэм къудамэу 40 щыдиIэщ. Макъамэм, сурэт щыIыным, спортым щыхурагъаджэ, щыхуагъасэ еджапIэхэми апхуэдэ отделенэхэр къыщызэIутхыну ди мурадщ.

- Ланэ, уэ дауэ укъыхьыхьа мы лэжьыгъэм?

- «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» зэгухьэныгъэм зэпкъакIуэ къызэрыIуахьэр хъыщысщIам, къызэрыхах зэхьэзхуэм сыхьыхьащ. Къэпщытэныгъищым сыпхьыкIри, сыкъащтащ.

Пэжьыгъэ хьэлэмэтщ, удэзыхьэщ, сабийхэм сахэтыну сигу ирохь. Куэдрэ кьыскуохуэ сешауэ унэм сыщыкIуэж, ауэ етIуанэ махуэм сабий цIыкIуэм сахуэзэ нэужь абыхэм кьабгъэдэкI гуапагъэм, хуабагъэм псори сщхьэщхьэ икIи сщегъэгупщэж.

Си гуапэу кьыхэзгъэщынут сызыдэлажьэ гупщ дызэрызэкIуэтыр, дызэрызэрыIыгыр. Ди унафэщI Пшэн Аслъэн и фIыгъэ куэд хэлъщ апхуэдэу зэхуущытыкIэм. Абы укьыгурыIуэнущ икIи уэзэкIыкIынущ сыт щыгъуи. Ар куэд и уасэщ.

Епсэлъар
ХЬЭЩЫКЪУЭЙ Олег.

Ди IуэхущIапIэхэм я зэфIэкIыр

Зэман ипэкIэ ди республикэр зэрыгушхуэу щыта IуэхущIапIэхэм ящыщу Май щIыналъэм щыIэ «Севкаврентген» заводыр. Урысейм и медицинэ IуэхущIапIэхэр рентген IэмэпсымэхэмкIэ игъэнщIу щытащ абы, хъарзынэу нобэми къэсащ икIи ар хущIокъу зэманым кьезэгъ лэжьакIэ мардэхэм зэрытехьэнымрэ кьыщIигъакI Iэмэпсымэ лIэужьыгъуэхэм я бжыгъэм кьызэрыхигъэхъуэнымрэ.

«ЛЭЖЬЫГЪЭ купщIафIэ» лъэпкъ проектым хиубыдэу заводым иубзыхуащ дяпэкIэ зытетыну мардэщIэхэр. Абы ипкъ иту я зэфIэкI проект ирахьэлIэнущ Iэмэпсымэхэм я фIагъым зэрелэжьыным, нэхъыбэ къызэрыщIагъэкIыным, абы трагъэкIуадэ зэманыр зэрагъэмщIэным, зэман лей темыкIуадэу, лэжьыгъэ ныкъуэщIхэр и кIэм зэрынагъэсыным.

ПэхуэщIэм и япэ Iыхьэм Iуэхущ IапIэм и лэжьыгъэм хэлъ ныкъуэсакIуэхэмрэ абыхэм я зэранкIэ яIа хэщIыныгъэхэмрэ сэтей къащIынущ икIи абыхэм ябгъ иту къаухтэнущ лэжьыгъэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ зэран къахуэхъу щхьэусыгъуэхэр. Языныкъуэ зэхуэмыхьыныгъэхэр гъэзэкIуэжьныр сыткIи екъэIащ иджырей Iэмэпсымэхэр гъэувыным, Iуэхущ IапIэм бгъэдэлъ мылъкур зэгъэзэхуэным, зэрылажьэ Iэмэпсымэхэм я хъуманIэхэм я щытыкIэр егъэфIэкIуэным, лэжьакIуэхэм хуагъэув кьалэныр пIалъэм фIымыщу кьраухьэлIэным. Псом хуэмыдэу лэжьыгъэм кууэ хэпщэн хуейуэ кьалъытащ менеджмент Iэмалхэм ехьэлIа Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр. Иджыблагъэ заводым и цеххэр зэпагъэщхьэухIащ икIи дэтхэнэми кьыщызэIуахащ хьыбарегъащIэ центрхэр. Хьэзыр хуэ Iэмэпсымэхэм я щытыкIэр (нэхъапэхэм хуэдэу нэгъуэщI щIыпIэ щэн хуэмейуэ), ахэр щызэпкъралъхьэ цехым и утыкум кьащIащIэнущ. Апхуэдэ лэжьыгъэ уэхуэжьм дяпэкIэ Iэмал нэхъыбэ кьаритынущ зэлэжь Iуэхур сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэнымкIэ.

А псоми кьадэкIуэу Iуэхущ IапIэм увыпIэ щхьэхуэ щигъуэтынущ лэжьыгъэр кьезыхьэлIэ Iэщ IагъэлIэхэм кьабгъэдэкI дэтхэнэ зы Iуэху елтыкIэми, ар ирехъу лэжьыгъэм е лэжьакIуэхэм яхьэIагъуэ. Заводым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным техуэ ахэрдэм нэхъыбфIхэр кьызэзыльхьэхэм ахьшэ сауГъэтхэр иратынущ, зыпэрыт лэжьыгъэм нэхъри трагъэгушхуэн хуэдэу. Кьыхалъхьа пэхуэщIэм ипкъ иту илъэсищ кьэс, гъэр щиухьм хуэзэу, кьапщытэнущ яIа ехьэлIэныгъэхэр зыхуэдэр, кьыкIэлыкIуэ илъэсхэм зэлэжьныгъэ тэмэму яубзыхун папщIэ.

Iуэхущ IапIэм и нобэрей ехьэлIэныгъэхэм дытепсэлъыхьмэ, абы иIэщ дунейпсо мардэхэм тету Iэмэпсымэ зэмылIужьыгъуэхэм я щапхъэхэр щагубзыкъ, абы тету къащIагъэкIахэр щызэпкъралъхъэ икIи щагъэунэху, электроннэ пкъыгъуэхэм щелэжь кьудамэхэр. Абыхэм я зэфIэкI псори зытеухуар Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысейм и Iпщэ щIыналъэхэмрэ медицинэ IэмэпсымэфхэмкIэ кьаухэзэгъащIэнущ. Заводым и къащIигъэкIэр сыт щыгъуи ехьэлIэныгъэ яIэу щагъэльагъуэ «Ушыншагъэр хьумэн» фIэщыгъэм щIэту екIуэкI урысейпсо выставкэхэм. Фигу кьэдгъэкIыжынщ нэгъуэщI къэралхэм санкцэхэр кьыщыдащIыпIа зэман гугъуэм, хамэ къэралхэм я хьэпшыпхэм я пIэм кьиувэн гъэхъэзырыныр яIэу пщэрылъ зыщащIахэм «Севкаврентген» ООО-р зэрахэтэр икIи а кьалэн гугъуэм дагъуэу зэрыпэлъэщар. Мы зэманым абы и медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрагъэпэщ сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, узыншагъэр хьумэныкIэ центрхэр, уеблэмэ язныныкъуэхэм ди къэралым и гъунапкъэхэр зэпачу хуежьащ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нобэрей сату зэхущытыкIэхэм къагъэув, Iуэхущ IапIэхэр зыхуэгъэпса Iуэху нэхъыщхьэм кьыдэкIуэу, нэгъуэщIхэми елэжьыну Iэмал кьыдэгъэкIынымр. Апхуэдэу мыбыхэмми кьыщIагъэкI хадэхэкIэр кьызэрырахьэлIэж машинэхэр, жыг гъэкIыным кьыхуагъэсэбэп техникэхэр, щхьэ зытелъ гъущI конструкцэхэр, щIыпIалъэ хьуманIэ центр нэгъунэ яухуэ. Заводым и лэжьакIуэхэм зэрыжаIэмкIэ, а псори зи фIыщIэр кьэралыр щыпсынэжьым, 1958 гъэм кьызэIуахауэ щыта Iуэхущ IапIэм и лъабжьэмрэ лэжьыгъэм хуэIэижь Iэщ IагъэлI Iэзэхэмрэ зэрахьу-марщ. НобиКъэгъэсэбэп абыхэм я Iуэху ептыкIэхэмрэ я чэнджэщхэмрэ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Шэджэм аузым и хьэщIэщыщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэджэм аузым щыIэ «Шэджэм флай» парадром щIыпIэм иджыблагъэ къыщызэIуахащ пасэрей балъкъэр чэщанэм и теплъэ зиIэ хьэщIэщ. Иджы парапланерхэмрэ дельтапланерхэмкIэ къыршхэм щызэуэрэзэн зыфIэфI туристхэм Iэмал яIэ хъуащ палаткэхэм, уней хьэщIэщхэм къадэкIуэу, иджырей мардэм къытIасэ хъэщIэщ зыщIыным къыщыувыIэну.

«ШЭДЖЭМ-ТУР» ООО-м и унафэщI Мушкаев Марат зэрыжиIамкIэ, хьэщIэщым елэжьа уухуакIуэхэм къагъэсэбэпар езы щыпIэм щыIэ мывэхэмрэ пхъэхэмрэщ, нэгъуэщI кьухамыгъэхьэу. Хьэщ Iэщ -чэщанэм и теплъэри, и пэш кIуэцIэри кьызэрыщIыкIар пасэ зэманым балъкъэрым я псэупIэхэр зэрауэхуэу щытам тещIыхьауэщ.

«Туризмэм республикэм зыщегъэжьныкIэ екIуэкI лэжьыгъэхэм щыщ зы лъэбакъуэщ нобэрей «Хьэщ Iэщ -чэщанэр». Дэ хэти дыдоIыгъ мыпхуэдэ жэрдэмэхэр икIи фIыщIэ яхудощ мы Iуэхугъуэр кьезыхьэжьахэм, мылькукIэ закьыщIэзыгъэкъуахэм. Къэралым щыпсэу цIыхуэм Iэмал яIэщ, Кавказым кьаклуэу зыщащIпхьыхьну, ди псори дыззрызэкъуэтыр кьащIэну», - яжриIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьудэзэ Кьунижь Муэед гуфIэгъуэм кърихьэлIэхэм.

Лэжьэну хуит зыщI сертификат зиIэу Урысей Федерацэм щыIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Шэджэм аузым и «Шэджэм флай» парадром закъэзащ. Илъэс тIощIым нэблэгъащ мы щыпIэр турист-экстремал минкэм къызэрагъэунэхури, абы къриубыдэу зэхъуэжьныгъэфI куэд игъэтащ. Илъэсым и сыт хуэдэ пхъэхэнэми зыщыбгъэпсэху хьунущ парадромым, абы щхьэкIэ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ зэгъэпэщащ. Иджыпсту цIыхуи 110-рэ зэуэ кьыщыдзэтеувыIэфынущ, нэгъабэрей бжыгъэхэм ельытауэ фIыуи хэхъуащ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Дыззрыгушхуэ щIыпIэхэр

Тафэ хуитхэр, щIы захуэкIэр кIуэ гъэтми нэхъ мащIэ, нэхъ зэпэубыда мэхъу, ахэр нэхъыбэу цIыхум къыззригъэсэбэпым къыгъэкIыу. Абыхэм къохутэ фэтэр куэду зэхэт унэ зэтетхэр, IуэхущIапIэхэр, тыкуэнхэр, н.къ.

АПХУЭДЭ щIыпIэхэм зэман дэкIмэ яГуэтыну теплъэр зыхуэдэр нэгу кьыщIэгъэхьэгъуейкьым: япэщIыкIэ жьыIэ мыин мэхъу, итIанэ кьуажэ, кьалэ. ИкIемикIэжьым а кьалэхэм зауГъу, «мегаполис» инхэм ящIкIуэжу. Абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу ущытын хуейкьым щIыр зи мащIэ Япониеу, хьэмэрэ цIыху щхьэ бжыгъэр сыт щыгъуи щыхуэзэгъ Китай къэралхэм хуэдэу...

Ди республикэ щIыпIэр щхьэтщIэнщи, абы и кьалащхьэ Налшыки кIуэ пэтми зеубГу. Федеральнэ гъуэгу Iуфэм Iуэ жьлэхэр зэхуэзэкIуатэурэ (Налшыкрэ Нартан кьуаджэмрэ, Нартанрэ Аруан жьлэмкIэ) я зэкъуэхуэм кьыдэна щIагъуэ щыIэкъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ кьаГъэсэбэп щIыхэр щхьэхуэщ, ауэ щыIэщ зэи, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи узэIуэсэ мыхъунухэри. Апхуэдэжьи кьыщIыгъэпатыгъейуда. Абы щызэхэтщ кьурш щIагу мыладжэхэр, кьэкIыгъэ лIэужьыгъуэ куэдкIэ кьулей тафэхэр, псыдзэ ин кьехэхэм я лъэужь зэтежьыхьыжьахэр, кьуэкIийхэр, гуэл щIыпIэхэр. Аращ псэущхьэжьмкIи кьэкIыгъэхэмкIи щIэкъулеижьыр.

«Iуащхьэмахуэ лъапэ» паркым ущрохьэлIэ шэкIэ зи щIэжьейхэр зыпI псэущхьэ лIэужьыгъуэу 63-рэ, кьуалэбзууэ 110-м щIигъум, бдзэжьей лъэпкъыгъуэ 6-м. Мэзкъуэдым щыбэгъуащ Урысейм и Тхьэпэ Плъыжьым ит псэущхьэжьм щыщу кьэдзыдзэ, мэз джэду, мыщэ гъуабжэ, мэз бжэн, кьурш бжэн, мэз джэд. Бгъэрэ кьашыргъуэ абы щыIэм хуэдиз зыщIыпIи ущрохьэлIагъэ, Щ1ым и щIыкIуэжу. Абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу ущытын хуейкьым щIыр зи мащIэ Японие, хьэмэрэ цIыху щхьэ бжыгъэр сыт щыгъуи щыхуэзэгъ Китай къэралхэм хуэдэу...

Ди республикэ щIыпIэр щхьэтщIэнщи, абы и кьалащхьэ Налшыки кIуэ пэтми зеубГу. Федеральнэ гъуэгу Iуфэм Iуэ жьлэхэр зэхуэзэкIуатэурэ (Налшыкрэ Нартан кьуаджэмрэ, Нартанрэ Аруан жьлэмкIэ) я зэкъуэхуэм кьыдэна щIагъуэ щыIэкъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ кьаГъэсэбэп щIыхэр щхьэхуэщ, ауэ щыIэщ зэи, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи узэIуэсэ мыхъунухэри. Апхуэдэжьи кьыщIыгъэпатыгъейуда. Абы щызэхэтщ кьурш щIагу мыладжэхэр, кьэкIыгъэ лIэужьыгъуэ куэдкIэ кьулей тафэхэр, псыдзэ ин кьехэхэм я лъэужь зэтежьыхьыжьахэр, кьуэкIийхэр, гуэл щIыпIэхэр. Аращ псэущхьэжьмкIи кьэкIыгъэхэмкIи щIэкъулеижьыр.

«Iуащхьэмахуэ лъапэ» паркым ущрохьэлIэ шэкIэ зи щIэжьейхэр зыпI псэущхьэ лIэужьыгъуэу 63-рэ, кьуалэбзууэ 110-м щIигъум, бдзэжьей лъэпкъыгъуэ 6-м. Мэзкъуэдым щыбэгъуащ Урысейм и Тхьэпэ Плъыжьым ит псэущхьэжьм щыщу кьэдзыдзэ, мэз джэду, мыщэ гъуабжэ, мэз бжэн, кьурш бжэн, мэз джэд. Бгъэрэ кьашыргъуэ абы щыIэм хуэдиз зыщIыпIи ущрохьэлIагъэ, Щ1ым и щIыкIуэжу. Абы щхьэкIэ Iэмал имыIэу ущытын хуейкьым щIыр зи мащIэ Япониеу, хьэмэрэ цIыху щхьэ бжыгъэр сыт щыгъуи щыхуэзэгъ Китай къэралхэм хуэдэу...

Ди республикэ щIыпIэр щхьэтщIэнщи, абы и кьалащхьэ Налшыки кIуэ пэтми зеубГу. Федеральнэ гъуэгу Iуфэм Iуэ жьлэхэр зэхуэзэкIуатэурэ (Налшыкрэ Нартан кьуаджэмрэ, Нартанрэ Аруан жьлэмкIэ) я зэкъуэхуэм кьыдэна щIагъуэ щыIэкъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ кьаГъэсэбэп щIыхэр щхьэхуэщ, ауэ щыIэщ зэи, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIи узэIуэсэ мыхъунухэри. Апхуэдэжьи кьыщIыгъэпатыгъейуда. Абы щызэхэтщ кьурш щIагу мыладжэхэр, кьэкIыгъэ лIэужьыгъуэ куэдкIэ кьулей тафэхэр, псыдзэ ин кьехэхэм я лъэужь зэтежьыхьыжьахэр, кьуэкIийхэр, гуэл щIыпIэхэр. Аращ псэущхьэжьмкIи кьэкIыгъэхэмкIи щIэкъулеижьыр.

Дунейм щыхъыбархэр

Колледжхэм щIэтIысхьэхэм къахохьуэ

Иужьрей зэманым еджакIуэхэм ящыщ куэдым я щIэныгъэм щыхагъэхъуэну къыхахыр колледжэхэщ. УФ-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ жиIащ 2023 гъэм курыт Iэщ IагъэщIагъуэгъуэт еджапIэхэм щIэтIысхьа студентхэм я бжыгъэр меларан 1,2-м зэрырынсар. Псори зэхэту иджыпсту абыхэм щоджэ ныбжьыщIэ мелуани 3,7-рэ. 9-нэ классыр къэзыухахэм я процент 60-м щIигъур колледжхэм макIуэ. Мы зэманым апхуэдэ еджапIэу Урысейм щыIэщ мини 3,5-м щIигъу.

АПХУЭДЭ еджапIэхэр кьэзыух ныбжьыщIэхэр лэжьапIэншэ хъуркъым, Iэщ IагъэлIэм сытым дежи щIэупщIэ яIащ. «Известия» газетым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгуамкIэ, 9-нэ классыр кьэзыух ныбжьыщIэхэм нэхъыбэу къыхахьэр программированиемрэ педагогикэмрэщ, беспилотникэр зезыгъэкIуэ Iэщ IагъэлI хуэну хуейхэми я бжыгъэр хуэдитIкIэ хэхъуащ. Абы щыгъуэми дызыхуэкIуэ илъэситхум электроннэ промышленностым, робототехникэм, машинэхуэм, металлургием, фармацевтикэм, мэкъумэш хозяйствэм, хуэзныгъэм, транспортым епха Iэщ IагъэкIэм щIэупщIэшхуэ яIэ хъунущ.

Еджапlэ нэхъыщхьэхэр щытхкIэ гугъуэм кьыкухтэнкIэ щыпIалъэу щыIащ. Iэщ IагъэлIхэм кьалытэ абыхэм щIэтIысхьэ ныбжьыщIэхэм я бжыгъэм хуэм-хуэмурэ фIыуэ кIэрыхуну.

Мамырыгъэр зэлъытар

Ираным и президент Раиси Ибрэхьим Израилым и ипщэ лъэныкъуэм ятеуа, Палестинэм щыщ гупым я тельхьэу къэуващ. Абы и псалъэхэм къызэрыхэщамкIэ, абыхэм журтхэм зыщахъумэу Iэщэр кьащтэн хуей хъуауэ араща.

«ИРАНЫМ кьелъытэ палестинэ цIыхубэм захъумэжыну хуитыныгъэ яIэу. Къэралым щекIуэкI политикэ зэщIэхъееныгъэм жууап ихьыжын хуейщ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэр гуэввэгъэуэ зэрыхидзам папщIэ», - жиIащ абы. Раиси Ибрэхьим муслымым къэралыгъуэхэм я унафэщIэхэр къыхуриджащ палестинэ цIыхубэм я щхьэщыжакIуэ къэувыну.

Тыркум и президент Эрдоган Реджеп жиIащ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум мамырыгъэ щыIэнр Палестинэм и щIыналъэхэм зэрелъытар.

«Ди жагъуэ зэрыхъунщи, лIэщIыгъуэкIэрэ мамырыгъэм и щIыналъэу ягъэльагъуэ щыта Иерусалим нобэ дызыгъэзаIэ Iуэхугъуэхэр щекIуэкI, муслымымэхэм я хуитыныгъэхэр кьыщцэзэпуад щыIэныпэ хъуащ. КъуэкIыпIэ Иерусалимыр и кьалащхьэу Палестинэ къэралыгъэр зэрыщIыр зэкъпьытэныр Iэмал зимыIэ Iуэхугъуэщ», - жиIащ абы.

Жэлуэгъуэм и 10, *гъубж*

✦ Психикэ узыншагъэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
✦ ЦIыхум и судыр укIIкIэ ящIэу мыдэным и европэпсо махуэщ
✦ 1910 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ **Щомахуэ Амырхъан**.
✦ 1925 гъэм кьалъхуащ франджы балеринэ цIыхуIуэ, адыгэ лъэпкъым кьыхэкIа **Черинэ (Щамырзэ) Людмилэ**.
✦ 1928 гъэм кьалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Iулыдж Iустырхъан**.
✦ 1930 гъэм кьалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **КIуантIэ Iэзид**.
✦ 1939 гъэм кьалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **ЕлгъэрКашиф**.
✦ 1939 гъэм кьалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Тхьэгъэпсо Хьэжьсмел**.
✦ 1940 гъэм кьалъхуащ КъБР и цIыхубэ артист **Куэт Хьанщобий**.
✦ 1941 гъэм кьалъхуащ Къэрошей-Шэрджэсым и цIыхубэ тхакIуэ, КъБР-ми щIыхь зиIэ и журналист, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Дзабгъуэ Мухьэмэд**.
✦ 1942 гъэм кьалъхуащ узрэдус

Щыхубз щыпкъэм и гупсысэ щхьэпэхэр

Адыгэр сытым дежи хьэл, щэн, хабзэ дахэхэмкІэ къуелйуэ щытащ. Ди Щы-хубзхэр Іущт, зэкІужт, щанысфІэт... Ди щІалэхэр бланэт, гуащІафІэт, лъэрызехьэт, хахуэт... Нобэрей ди щІалэгъуалэми нэхъыжьыфІхэми апхуэдэ куэд къытхэтщ, абыхэм гу ялъуамытэнкІэ Іэмал имыІэу.

АТІЭ, гузэвэгъуэ зыльэгъуа, зи сабий щІэзыпхъэжа адыгэ анэм, ярэби, и щытыкІэр дауэ зэрещытын уеиф? Сыт хуэдэ щапхъэ игъэльэгъуэну хузэфІэкІынур? ГущІэм къикъуэлыкІ нэпс гуащІэр икъуэшфрэ, и гуауэр утыку къримылъхьэмэ, ар тэмэм? Тхыдэмрэ Іуэрыйуатэмрэ хуэзэрыхэщыжымкІэ, адыгэ анэм и быныр щыку щыту игьеинир, нэпс щІигъкІынир емыкІуг.

Апхуэдэ хьэл зэпІэзэрытыр зимыхамэ бзылъхугъэ щыпкъэу псэуащ Науржан Зелмэ... Абхъаз-Курджы зауэр къыщыхъеям, Къэбэрдейм икІыу, къуэш республикэм зыщІагъэкъуэну, къыщыжьну кІуа ялэ гупым хэтащ Зелымэ и къуэ Ибрахьим. Гурэ псэкІэ Апсны щына-льэр фІыуэ апьагъурт, абхъазхэр игъэныбжьэгъуу, ди лъэпкъитІыр зэрызэщхьуем, тхыдэкІэ, хабзэкІэ зэрызэпхам, къуэш лъагъуныгъэм игъэгушхуэу зауэ гуащІэм зыунэтІа щІалэ гу кьабзэм и гуащІэр мащІэу къыщІэкІащ – кьбэрдей зауэлІэхэм ящыщу Ибрахьимщ ялэ дыдэу къаукІар.

Гуауэм и гур ирикъутыхьами, зэпІэззэрыту, и Іуэху ищІэжу кьызэтена бзылъхугъэм зэгуэр сыдэпсэльауэ щытати, ди газетеджэхэми фэзгъэщІыхуну сыхуейт лІыхъужьым и анэ щыпкъэмрэ абы и дуней ельпкІэу щытамрэ.

Сурэтылъэ Іувышхуэр Зелмэ иригъэтІылъэкІри, сабыру къэтІысыжат абы щыгъуэ:

- Ибрэхьим икъукІэ фІыуэ илъагъурт ди адыгэ фащэмрэ щэнхабзэмрэ. Егъэджэныгъэмэ хэлъхьэныгъэ гуэрхэри хуищІыну къыщІэкІынт – адыгэбзэр сабийхэм нэхъ тыншу зэраджыну Іэмалхэр кьилъыхъуэрэ, мы псалъалъэр зэхигъэуваэ щатащ, - сурэт щхьэкІэплъыкІэ ІэрыщІэхмкІэ Іуащ щІэрэщІа напэхэр кьызэІуихыурэ, жиІат Зелмэ. - Мы сурэтхэри езыращ зыщІар, цейм и зэхэпъыкІэри, пкърыпыпхъэ Іэмэпсымэхэри, Іэщэри сурэткІэ къигъэльэгъуэфырт. Адыгэм ди тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр икъукІэ фІыщэу илъагъурт икІи пщІэ хуищІырт. ЗыкІи гъэщІэгъуэнкъым ди къуэш республикэм зауэ гуащІэ кьыщыхьеям ар зэрысхуэмыуБыдар.

Ибрэхьим яуклІаеуэ кьыщашэжаи Зелмэ хабзэрэ хьэл зэтетрэ игъэльэгъуащ – ямылейуэ зичэтхъэжакъым, нэпсыр псы уэру иутІыпщакъым. Абы папщІи, Къэбэрдейм и мызакъуэу, абхъаз щыналъэми и хьыбар щыІуащ, адыгэ щІыхубз зэтетым и щытыкІэ дахэр куэдым щаІэпхъэ яхуэхъуащ.

- ХьыжьбзэитІрэ щІалитІкІэ Тхъэр къыскъуэупсат, - хуэмурэ пещэ Зелмэ. – Зы хъыджэбз щІыкІум и ныбжьыр мащІэ дыдэу, зы пыпащэ кьуэлаІэри, дыпэпъащэкьым... Тхъэхъумакьым... Абы илыкІауэ щытащ. ТхъэзфІэкІ къэдмыгъанэу, дохутыр нэхъыфІ дыдэхэм дальигуаэзэурэ, ар кьетшэкІащ, тхъэгъэхъужьын ди гугъэу. Ауэ ДыкъэзыгъэщІам апхуэдэу иуха кьыщІэкІынти, зришэлІэжащ. Ибрэхьим балигъыпІэ иуварэ, зыхуэйр зыщІэж лІы хъуэуэ Абхъазым кІуэну мурад ищІати, субыдакъым. Ди хабзэм кьитІаесэркъым быным ущытхьуну. ЦІыхур зищІысыр кьэпщІэну ухуеймэ, и ныбжьэгъуэм еупщІ жаІэ. Ауэ жысІэну сызыхуейат – Ибрэхьим ажалым хуэхьэзыру, «ар ди гуфІакІэм зэрыдэсыр» зыхиІщІэу апхуэдэти, сытым дежи кьыжиІэрт мыпхуэдэу: - «Зыгъэр кьысщыІмэ, ди анэ, ягъэ кІынкъым умыгъ. Сынольэту, умыгъ. ЗыІыгъ, зыгъэбыдэ, лІыгъэ зыхэгъэІ. ЗгуІэгу, ухьэлыншэу, нэпс щІэбгъэкІыу цІыхум укъальагъуныр адыгэм дежкІэ емыкІыужъщ. Псори дыкъэзыгъэщІам декІуэлІэжынуц, ажалым Іэщ Іэкіа щыІэкъым. Ар уигу игъэлъ. Уэкърууншэу цІыхум закъуымыгъэльагъу!». Пэжыр жысІэнщи, а гупсысэрауэ кьыщІэкІынщ сэ сыкъыІэзтезыгъэнар. Ибрэхьим псалъэ быдэ естауэ щытащ, си нэпс кьудамэ цІыхум езмыгъэлІагъ.

Хэт ищІэрт анэм и гур зыхуэзэ гуауэр дыджьм и инагъыр, Зелмэ и къуэ етІуанэри дунейм цехьэкъам?! Пщэдджьжьышхэ иригъэщІу, анэм пщэфІапІэм кьыщІигъэкІыжа и къуэр дакьикъэ зыбжанэкІэ кьыхетхуэну зымиигу кьэкІыххэртэкъым. Арами, Зелмэ, и хьэлымрэ и зыНыгъыкІэмрэ гъащІэм игъэунэхуну мурад ищІа нэхьей, и бын ещанэри Іэщінхащ.

Анэм и гуауэр кьыдиІыгъыу, а лъэхъэнэм абхъаз щыналъэм и президенту щыта Бэгъэпщ Сергей Зелмэ тхыгъэ кьыхуигъэхьат. Ибрэхьим и ныбжьэгъуу щытахэри щыІэдзэуэахэри къекІуэлІащ анэм и гуауэр кьыдагъэшу. Аргуэрми Зелмэ кьылъыкъуэкІа лІыгъэмрэ зыНыгъыкІэмрэ ягъэщІагъуэрт псоми.

- Ари гъащІэм сызэриГъэунэхуа зы Іуэхугъуэ дыджт... ТІэкІу едзакъэри, пщэфІапІэм щІэкІыжа кьудейуэ кьызэрІомэхэзэ. СызэфІэкІ къэдмыгъанэу, дохутыр нэхъыфІ дыдэхэм дальигуаэзэурэ, ар кьетшэкІащ, тхъэгъэхъужьын ди гугъэу. Ауэ ДыкъэзыгъэщІам апхуэдэу иуха кьыщІэкІынти, зришэлІэжащ. Ибрэхьим балигъыпІэ иуварэ, зыхуэйр зыщІэж лІы хъуэуэ Абхъазым кІуэну мурад ищІати, субыдакъым. Ди хабзэм кьитІаесэркъым быным ущытхьуну. ЦІыхур зищІысыр кьэпщІэну ухуеймэ, и ныбжьэгъуэм еупщІ жаІэ. Ауэ жысІэну сызыхуейат – Ибрэхьим ажалым хуэхьэзыру, «ар ди гуфІакІэм зэрыдэсыр» зыхиІщІэу апхуэдэти, сытым дежи кьыжиІэрт мыпхуэдэу: - «Зыгъэр кьысщыІмэ, ди анэ, ягъэ кІынкъым умыгъ. Сынольэту, умыгъ. ЗыІыгъ, зыгъэбыдэ, лІыгъэ зыхэгъэІ. УгуІэгу, ухьэлыншэу, нэпс щІэбгъэкІыу цІыхум укъальагъуныр адыгэм дежкІэ емыкІыужъщ. Псори дыкъэзыгъэщІам декІуэлІэжынуц, ажалым Іэщ Іэкіа щыІэкъым. Ар уигу игъэлъ. Уэкърууншэу цІыхум закъуымыгъэльагъу!». Пэжыр жысІэнщи, а гупсысэрауэ кьыщІэкІынщ сэ сыкъыІэзтезыгъэнар. Ибрэхьим псалъэ быдэ естауэ щытащ, си нэпс кьудамэ цІыхум езмыгъэлІагъ.

Хэт ищІэрт анэм и гур зыхуэзэ гуауэр дыджьм и инагъыр, Зелмэ и къуэ етІуанэри дунейм цехьэкъам?! Пщэдджьжьышхэ иригъэщІу, анэм пщэфІапІэм кьыщІигъэкІыжа и къуэр дакьикъэ зыбжанэкІэ кьыхетхуэну зымиигу кьэкІыххэртэкъым. Арами, Зелмэ, и хьэлымрэ и зыНыгъыкІэмрэ гъащІэм игъэунэхуну мурад ищІа нэхьей, и бын ещанэри Іэщінхащ.

- ХьыжьбзэитІрэ щІалитІкІэ Тхъэр къыскъуэупсат, - хуэмурэ пещэ Зелмэ. – Зы хъыджэбз цІыкІум и ныбжьыр мащІэ дыдэу, зы пыпащэ кьуэлаІэри, дыпэпъащэкьым... Тхъэхъумакьым... Абы илыкІауэ щытащ. ТхъэзфІэкІ къэдмыгъанэу, дохутыр нэхъыфІ дыдэхэм дальигуаэзэурэ, ар кьетшэкІащ, тхъэгъэхъужьын ди гугъэу. Ауэ ДыкъэзыгъэщІам апхуэдэу иуха кьыщІэкІынти, зришэлІэжащ. Ибрэхьим балигъыпІэ иуварэ, зыхуэйр зыщІэж лІы хъуэуэ Абхъазым кІуэну мурад ищІати, субыдакъым. Ди хабзэм кьитІаесэркъым быным ущытхьуну. ЦІыхур зищІысыр кьэпщІэну ухуеймэ, и ныбжьэгъуэм еупщІ жаІэ. Ауэ жысІэну сызыхуейат – Ибрэхьим ажалым хуэхьэзыру, «ар ди гуфІакІэм зэрыдэсыр» зыхиІщІэу апхуэдэти, сытым дежи кьыжиІэрт мыпхуэдэу: - «Зыгъэр кьысщыІмэ, ди анэ, ягъэ кІынкъым умыгъ. Сынольэту, умыгъ. ЗыІыгъ, зыгъэбыдэ, лІыгъэ зыхэгъэІ. УгуІэгу, ухьэлыншэу, нэпс щІэбгъэкІыу цІыхум укъальагъуныр адыгэм дежкІэ емыкІыужъщ. Псори дыкъэзыгъэщІам декІуэлІэжынуц, ажалым Іэщ Іэкіа щыІэкъым. Ар уигу игъэлъ. Уэкърууншэу цІыхум закъуымыгъэльагъу!». Пэжыр жысІэнщи, а гупсысэрауэ кьыщІэкІынщ сэ сыкъыІэзтезыгъэнар. Ибрэхьим псалъэ быдэ естауэ щытащ, си нэпс кьудамэ цІыхум езмыгъэлІагъ.

Сыт хуэдэ гуауэ и нэгу щІэкІами, и лъэр щІэзыдыным гузэвэгъуэ ишэчами, Зелмэ адыгэ анэ зэпІэзэрытым и щапхъэу псэуащ. Нэгьабэ ар дунейм цехьэкъам абхъаз зауэм и ветеранхэри, ди къуэш лъэпкъым и лІыкІуэхэри щыІауэ жалэ дыуэщІым. АпхуэдизкІэ инт Зелмэ и щІэри!

ФЫРЭ Анфисэ.

Сурэтыр **Керженцев Максим** *трихащ.*

Рицэ и толъкъунхэм щІаупскІа усыгъэ

Абхъазым щекІуэкІащ «Рицэ и рифмэхэр» («Рифмы на Рицэ») абхъаз-адыгэ усыгъэм и фестиваль. Адыгэ усакІуэ, щІэныгъэлІ, КъБР-м и цІыхубз тхакІуэ, Абхъаз Республикэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Нало Заур ыкІыжьрагъэпэща Іуэхур Абхъазым щэнхабзэмкІэ и министерствэм диІыгъащ.

«ЖАН» зэгухьэныгъэм и унафэщІ, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ, усакІуэ, тхакІуэ, драматург КъанкІуэ Заринэ и «Усыгъэ къекІэрэхъуэкІ» («Круговорот поэзии») проектым хэту япэ дыдэу Рицэ гуэлым деж уэсэ пшьхь щекІуэкІащ 2018 гъэм. Абы щегъэжьауэ илъэс къэс Рицэ деж абхъаз, адыгэ усакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкіэр щагъэІу. Абхъазым щэнхабзэмкІэ и министр Кове Даур мы гъэм проектым хуищІа гупльэтэм и фІыгъэкІэ, КъуэкІ нэхъри зыубгъуауэ екІуэкІащ, Абхъазым щыхьэщІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я лІыкІуэхэр - усакІуэхэр, тхакІуэхэр, журналистхэр.

Абхъазым къабзэгъэкІуэ фестивалыр и нэІэ щІэтащ «Алашара» журналым усыгъэмкІэ и къудамэм и редактор Габелие Дмитрий.

Сыхъум дынэсри, дызыюхэт Іуэхугъуэм гупагъэрэ дахагъэу хэтыр зыхэтщІащ: дызэрыщІыхуащ, гупсысэ щІэщІыгъэхэмкІэ дызэхъуэжащ, фестивалыр кьызэрызэІутхынум зыхуэдгъэхьэзыращ. Дэтхэнэри дыхуейт дахагъэ дызыхэтэр псэ гъуэмылэ тщІыну. Ялэрауэ, республикищым икІа хьэщІэхэр дыдащащ абхъаз тхыбзэм и лъабжьэгъэтІылъ, бзэщІэныгъэлІ, тхакІуэ, усакІуэ Гулиа Дмитрий и музейм. ИужькІэ, Сыхъум и паркым деж щІыхьым и ерплъым удэ гъэгъакэр тетлъхьащ. Усыгъэм и фестивалыр кьыщІэзІутхащ Абхъаз хэрал театрым. Ар ирагъэкІыжащ Къанькъуэ Заринэрэ Габелие Дмитрийрэ.

Политик, жылагъуэ лэжьакІуэ Аламие Геннадий кьыщІэсалъэм кьыхихуащ Налом кьигъэльэгъуа лъэпкъ гупсысэкІэр. Мызэ-мытІэу ар Абхъазым щыІащ, апхуэдэуи 1992 - 1993 гъэхэм екІуэкІа зауэм и пэ кьихуэуи. Шинкубэ Бэгъатат щІыгъуу къэшІыпсэлъащ абхъаз лъэпкъым я пащхьэм. Нало Заур и цІэр быдэу епхащ Дунейпсо Адыгэ Хасэр хъэунэхунымк.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я лІыкІуэхэр къэпсэльащ Нало Заур и ІэдакъэщІакІэр зэрызыхащІэм, и тхыгъэхэм кьыхах щапхъэхэмрэ чэнджэщэмрэ теухуауэ. Адыгэ Республикэм кьыбгъэдэкІыу Іуэхум хэтащ «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ МэшлІокъуэ Саидэ, абы и къуэдзэ, Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и журналист Тау Замирэ, «Адыгея» ГТРК-м радиомкІэ и къудамэм и унафэщІ Хьэщ-щІэмыз Сусанэ, Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист ТІэш Светланэ, усакІуэ Щ.хурыкъуэ Іэдэм сымэ. Фестивалым папщІэ Хьэщ-мыз Суссанэ кІахэ диалекткІэ зэридзэкІащ Нало Заур и уэсэ Іэрамэ. Ар пшьхьым кьыщеджащ «Къыжьей», сыткІэ сэ си ягъэ...», «ЩІым кьытемыпсэр – ар мыдыгъэ», «Си уэсэр уи псэм дэхьэн папщІэ...», «Гугъэ, хъуапсэ упсэухукІэ», «Сэ си джэгугъуэм сыджэгуакъым» усэхэм.

Къэрэшей-Шэрджэсым щыщу фестивалым хэтащ усакІуэ, телевиденэм и журналист Чэнджэщауэ Артур. Нало Заур итхауэ ар кьызджа «Кузбжэпэм щысщ адыгэ лІыжьэхэр» усэм уигъэгупсысэрт, акъыпл жанагъ, нэхьыжь-нэхъыщІэ зэхущытыкІэ, нэмысым и мыхьэнэр хэуухэнащ.

КъБР-м икІахэм ящыщ радиожурналист Мэкъуауэ Исльам абхъаз усакІуэ Ласурия Мушни и «Сэ суриплъэщ, Къэбэрдей» («Я твой сын, Кабарда!») усэм къеджащ.

Чамагуа Роззэ зи пашэ «Гунда» уэрэджьыкІуэ гупым абхъазыбзэкІэ, къэбэрдеибзэкІэ уэрэдзэр жаІащ - «Эльбрус-красавец», «Адыгэ нысэ», Рицэ гуэлым теухуа уэрэдзэмкІэ фестивалыр яГъэдэхащ.

ЩІыхь тхыльрэ саугъэткІэ фестивалым щагъэпэжащ абхъазусакІуэ ныбжьыщІэхэу Колбая Абзагуро Рицэ и Іуфэм абхъазыбзэкІэ зэдзэкІуэ къыщеджауэ щытащ Нало Заур и усэхэм.

Ахъшэ саугъэтэхэр фестивалым щатащ КъБР-м къыбгъэдэкІыу УФ-м ФедерацэмкІэ и Советым щыІэ КъанкІуэ Арсен и фІыгъэкІэ.

Фестивалым и етІуанэрей махуэр нэгузыужьу, хъуэпсэгъуэу екІуэкІащ. Рицэ гуэлым и дахагъым псэщІэ къытхилъхьащ, усыгъэкІэ дипсыхащ, ди ныбжьэгъугъэр игъэбыдащ. ЗыхэтщІащ усыгъэм и бзэр жьжьэ зэрызэІусыфыр.

Адыгэ Республикэм кьыкІа усакІуэ Заур зэрыпсэ Іуэхум и тхуауэ жиІахэр щІэщыгъуэщ:

- Си гум гуфІэгъуэр из хъуащ – абы нэхъыбэ сыт кьыхэхъыфыщІ фестивалым! Абхъаз-адыгэ галерэм дисыху зыхэсщІар псалъэкІэ кьысхуэІуэтэнкъым! Телъыджэкъэ: ди усэхэр Рицэ и щІыпм джэрпэджэжу щхьэщысыскІырт. Дэ, журналистхэр, нэгъуэщІ къэралхэм дыщыІащ, Урысейм и форум, зэІущІэ куэдым дыхэтащ, Мыдджеи щызыхэтщІахэр псоми кьащхьэщокІ: гуапагъэрэ хуабагъэрэ зи яку дэлъ зы унагъуэшхуэу дызэхьыхьа хуэдэщ, иджыри зи щэху куэд къэтщІэну кьытпащхьэ Хэкум и Іэпплэ кьытхуэзыуихауэ. Датхьэкъуащ Абхъаз къэрал университетми, абы щыІэ абхъаз-адыгэ щэнхабзэмкІэ центрми. ЩІыхьэпІэм щыуфафэрт абхъаз, адыгэ, абазэ ныпхэр. Абы нэхъри гуапэу дигъэпІейтейрт. ТфІэфщІ усакІуэ Габелие Дмитрий етІанэгъэ Адыгейм щыдгъэльэпІэну ди насып кьыщІэзрихьар. Мы махуэхэм усыгъэм епха гупсысэкІэ дызэхъуэжну, ныбжьэгъу дызэхуэхъуну дыхунэсащ. Мы гъэм япэу проектым хэтащ Адыгэ Республикэр – ар мазэ ирехъу! - жиІащ абы.

- Сыхъум си унэ хуэдэщ. Мы фестивалыр иджыри зы щхьэусыгъуэ дахэ сухъхуащ си ныбжьэгъуэм сІуущІэ-нымкІэ. Фестивалыр си гум дихьащ, абы и дэтхэнэ Іыхьэми, узыщыгъуфыкІ щІэщыгъуэ хэлът. Іуэхум хэта дэтхэнэми зы зэфІэкІ дахэ гуэр иІащ, бгъэщІагъэу. СэрэкІэ лъапІэщ мыбдеж щІыху гуапэ куэд кьызэрыщысщІысщІыхуар. Унагъэшхуэу зы жьэгу дыпэрыс хуэдэт мыбы щызэдэдгъэкІуа махуэхэр, - жиІащ Чэнджэщауэ Артур.

- Мы гъэм фестивалым хуиту зэрызиубгъуам, республикэ зыбжанэ зэрыхэтам сэри сыщогуфІыкІ. НэхъапэкІэ мы Іуэхум сыхэтатэкъым. Мыгъэрейр Нало Заур теуухауэ зэрекІуэкІынум и кьыбар щІэзэжхьым, Къаньыкъуэ Заринэ деж телефонкІэ сыпсалъэри жеслаф, сэри фестивалым зыгуэркІэ сыкъыхьхьэну гукъыдэж сызэриІэр. ЖыпІэнурамэ, дызэрыщыгъуэу екІуэкІащ, щІэщыгъуэу куэд щыптыгъуащ, щІыху дахэкэр иІыгъа зэхущытхуэзэхущІэрщ, дызэрызэкІэлъыкІуэрщ, - жиІащ Габелие Дмитрий.

Іуэхум и кьызэгъэпэщакІуэ Къанькъуэ Заринэрэ фестивалым и унафэщІ Сусланэ Любовьрэ щыгугъащ «Рицэ и рифмэхэр» Іуэхугъуэр художественнэ тхыгъэм, усыгъэм зиужьыныкІэ, псэ зыхэт сатырхэр жьжьэ Іуныкі Іэ зы къаруу щхьэхуэ хъуну. Ар икІи нэрылъагъу хъуащ. Къапщтэмэ, проектым зэпыу иІэкъым – усэхэр зэрадзэкІ, тхыгъэщІэхэр традзэ, абыхэм тепхуэ псалъэмакъ щхьэпэхэри ейкІуэкІ. Усыгъэр мэкІэрэ хъуэ, мэджэрэз, мэпсэу!

ЩЭРДАН Лилианэ.

Сурэтхэр **ЕЛЕЙ Еленэ** *трихащ.*

● Гъуэгу лэжьыгъэхэр

КІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу

«ФІагъ лъагэ зиІэ гъуэгу шынагъуэншагъэхэр» лъэпкъ проектыр республикэм и щІынальэ псоми щагъэзащІэ. Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуащІ узынщагъэр хъумэным пыщІа Іуэхущ Іаи Іэхэм екІуалІэ гъуэгуэр зэфІагъэкІыр кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу.

ЛЪЭПКЪ проектым кьыдэкІуа фІагъхэм ящыщщ гъуэгу Іэхуитлъэхуитхэр республикэм и жылитхьм нобэкІэ ялэ зэрыхъуар. Ахэр Бахъсэн Ипщэм, Лэскэн ЕтІуанэм, Ерокъуэ, Къармэхьэблэ, Хьэбзэ кьуажэхэрщ, Зеикъуэ щыІэ лъэныкьор кьыдэкІуэу.

Ипщэ къэс, гъуэгу лъжьыгъэхэр кьыщІахьэжьэм деж, зэрыхабзэу, ялэу зытрагъащІэр социальнэ мыхьэнэ зиІэ уэхуныгъэхэм екІуалІэ гъуэгурэ щІэ – сымаджэщхэм, курыт еджапІэхэм, сабий садхэм, нэгъуэщІхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм иджьблагъэ кьыззэритамкІэ, апхуэдэ Іуэхущ Іаи Іэ зэмыпІэужьыгъуэхэм ухуашэу, псори зэхэту километр 25-м нэблагъэм гъуэгу лъжьыгъэхэр щызэфІагъэкІащ. Абыхэм тельа асфальтыр зэрахъуэкІащ, лъэс лъагъуэхэр, гъуэгу зэпрыкІыпІэхэр, дамыгъэкэр кьыхагъэщхьэхуэкІащ, кьэухьэр ягъуэващ.

Псалъэм папщІэ, Бахъсэн Ипщэм Джапгуевым и цІэр зезыхьэ и уэрамыр, фельдшер-акушер пунктым ухуэзышэ гъуэгур зыхуей хуагъэзащ - асфальтыщІэ тралъхьащ, лъэныкьор ягъэбыдэжащ, щыхьэм и щынагъэншагъэр кьыхагъэщхьэхуэкІащ, зыхуэныкьуэну дамыгъэхэр кьыхагъэщхьэхуэкІащ.

Апхуэдэ лэжьыгъэ дыдэхэр щрагъэкІуэкІащ Лэскэн ЕтІуанэм, Ерокъуэ, Къармэхьэблэ, Хьэбзэ кьуажэхэм узынщагъэр хъумэныкІэ я Іуэхущ Іаи Іэхэм екІуэлІа гъуэгуэхэмэ.

Зеикъуэ кьуажэм метр 30 зи кІыхьагъэ лъэныкьор щІэуэ щауэжкащ. Ар цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ уэхуныгъэщ. Жьлэм и щІыху минитІым нэблагъэр я лъэныкьыкІэ йокІри, кьуажэкъум хуэзэ сымаджэщым, нэгъуэщІ Іуэхущ Іаи Іэхэм макІуэ.

А псом кьадэкІуэу, Налшык Щоджэным и цІэр зезыхьэ и уэрамыр, километри 2,2-р зи кІыхьагъэр, кьызыхуэтшэну зэрагъэпэщщ лъэпкъ программэм ипкъ иткІэ. Абы ухуешэ республикэм социальнэ мыхьэнэ зиІэ и ухуэныгъэ ин зыбжанэм – перинатальнэ центрым, Сабий унэм, узыфэ зэмыпІэужьыгъуэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ сабий сымаджэщым, кардиодиспансерым, нэгъуэщІхэм. Махуэ къэс мы Іуэхущ Іаи Іэхэм щэ бжьыгъэкІэрэ кьоКІуалІэ, республикэм и цІыхухэм я мызакъуэу, ди гъунэгъу щІыналъэхэм кьыкІахэри.

Иджыпсту я уэрамым асфальтобетон тралъхьэ, лъэс лъагъуэхэр, зэпрыкІыпІэхэр кьыхагъэщхьэхуэкІ, мыВзэмкІэ кьрагъбыдэкІ. Абы нэмыщІ, машинэ гъэуВпІэхэр зыхуей хуагъэзэнущ, иджьрей уэздыгъэхэр ихуреягъкІэ щыпадзэнущ, дамыгъэхэр, гъуэгугъэльагъуэхэр ягъэувынущ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Псы хущхъуэхэм къахохъуэ

Урысейм и щІыналъэ псоми щацІыху Кавказым, псом хуэмыдэу Къэбэрдей - Балъкъэрым, и псы хущхъуэхэр. Адрей щІыпІэхэм кьыщыщІэжхэм щыІэ кьыщыгърахьэ кьэхъуми, ди дэк кьыщыщІашхэр зэрыкъабзэр ящІэ, сыту жыпІэмэ, къуршым дригъэнэгъущ, псым ущІыхэІэзэщІыхьыжьым щымыІэу, дэнэкІэ кьыщыщІэжри зыгуэрым и сэбэпщ.

ХьэтІохъэщокъуэм и жыг хадэм ит «Источник» псы хущхъуэ ефапІэр совет лъэныкьомкІэ щІэнжэм ящынщ. Абы и теплъэми Іуэхущ Іаи Іэм и гъэлэжьэкІэмк зыкІи захъуэжакъым: пщэдджьжьым, сыхьэтибгъум кьыщыщІэдзауэ сыхьэт пщыкІуэм нэсыху, паркыр зи кІуаи Іэ кьалэдзэсхэри Налшык зыщІэзыгъэпсэхуэри абы макІуэри, бромкІэ кьулей псыр щрафэ, языныкъуэхэм бэщрыбэхэм ирагъахъуэри кьыздащтэ. Нэхъапэм ахэр нэхъыбэ хьыбэ ущытащ, ауэ щІыуэпсым игъуэт зэхъуэныгъэхэм я зэранкІэ зэрызэрыгъэщІым псыр мащІэ щІыхъуи щигъуащІыкІыпи кьэхъуащ.

Иджыпсту куэдым я кІуаІэ хъуащ Аушыджэр и псы хущхъуэхэри. Гъэ псом хуабэу щІым кьыщІэж, сероводород зыхэт псыр Іэнкъпльэкъ узэкъмкІэ нэхъ сэбэп дыдэу кьызэрахутэрэ, а щІыпІэр хъарзынэу зыхуей хуагъэзащ, цІыхухэм Іэхуутхьэбзэхэр щагъуэту. Хэт ищІэрэ, зэман дэкІмэ, щытыкІэр нэхъри ирагъэфІэкІуэну кьыщІэкІынщ.

Иужьрей ильэсхэм апхуэдэ щІыпІэхэр зэІузэпэщ зэращІыр куэд и уасэщ, цІыхур зыщІипсэу щІыналъэм емыльатэуэ, кІуэуэ зыщІигъэпсэх, и узынщагъэр щригъэфІакІуэ щыхъуакІэ. Псалъэм папщІэ, Сочэ и «Ривьера» паркым иджьблагъэ кьыщыщІэІуахащ иджьрэ зы псы хущхъуэ ефапІэ. Иджы кьалэдэсхэми курортхэм щыІэхэми «Пластунская» псы пщІэнкъуэ щрагъэжьнущ, ар псоми яхурикъуэн хуэдэу, цІыху къэс кьыздищтэ хъунущ псы хущхъуэм щыщу зы литр нэхъыбэ.

ЗэманкІэ дызэІэбэкІыжмэ, а псы лІэужьыгъуэр кьызэрыщІэжам хуэдэ кьабзэу кьигъэхъуапІэхэм щрафырт. Сероводородым и мэр гуащІэу кьызыхьих псыр ипфыну гугъут. Иджы сероводородым и мэ уІуэзГъэщту щытам и пІэкІэ, псы хущхъуэм мэ гуакІуэ кьыхех. Псыр кьыщрагъахьэу унэр и щхьэм кьыщыщІэдзауэ и лъабжьэм нэсыху кьагъэщІэрэщІэжащ. СеВет лъэхъэнэм псыутхэр ихъуреягъэм кьекІуэкІыу абдежым щыта «Мывэ удз Іэгъэ» скульптурэм екІуалІэ бжьамийжэр псы хущхъуэ кубометри 6 зэрыхуэ хъумапІэмрэ ягъэхьэбзащ.

2010 гъэм кьызэІуаха «Пластунская» псы хущхъуэр нэхъ сэбэп дыдэхэм хабжэ. Абы егъэхъуэ лъатэ узыфэ куэдыр. Апхуэдэ псы хущхъуэ мыгувэу кьызэІуахынущ Сочэ и Адлер щІыналъэмк. Бжьыбзэ зыгъэпсэхуГъуэр кьызэхъэхэмкІэ апхуэдэ щІыпІэхэр ди Кавказым зэриІэр куэд и уасэщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Театрхэр я зэфІэкІхэмкІэ зохъуажэ

Музыкэ къэрал театрым эмпуэгъуэм и 5-м щекІуэкІащ Санкт-Петербург и Ныбжьыщ Іэ театр, Брянцев А. А. и цІэр зезыхьэм, и унафэщІэмрэ актёрхэмрэ зыхэта пресс-конференц. Ахэр ди деж къэкІуащ «Большие гастроли» федеральнэ Іуэхум хыхьэу.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и къуэдзэ Карчаевэ Іэминэ пресс-конференцыр кьыщызэІуихыж кьыхигъэщащ жэпуэгъэм и 5-8-хэм КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым и артистхэм Брянцев А. А. и цІэр зезыхьэ Ныбжьыщ Іэ театрым и утыкум спектаклхэр зэрыщагъэльагъуэр. Абы жиІащ илъэс зыбжанэ хъуэуэ лажьэ театрым и артистхэр кьаззэрыуебгъэлъам, апхуэдэу ди артистхэр я деж зэрыщыхьэщІэм щэнхабзэ мыхьэнэзшхуэ зэриІэр.

НыбжьыщІэ театрым и унафэщІ Сусловэ Аннэ жиІащ я Іуэхущ Іаи Іэм балигъэкъэм сабийхэми яхуэгъэзэа лэжьыгъэхэр зэрыщагъэльэгъэр, театрыр зи псэм хэль артистхэр зэрадгъэІэр, проект гъэщІэгъуэнхэр зэрагъэзащІэр, лъэпкъхэм здай фестивалхэр кьызэрыщызэрагъэпэщщыр.

УФ-м щыхь зиІэ и артист Шелгунов Сергей зэрыжиІащи: «Сабийхэр театрым кьепшэлІэну, кьыдэпхъэхыну нэхъ гугъущ, балигъэкъэм нэхърэ. Абы кьыдэкІуэу цІыкІухэр сыхьэтым щІигъуКІэ пІыгъын папщІэ гъэщІэгъуэн гуэр я кьыдэжрэ кьытхилъхьащ, усыгъэкІэ дипсыхащ, ди ныбжьэгъугъэр игъэбыдащ. ЗыхэтщІащ усыгъэм и бзэр жьжьэ зэрызэІусыфыр.

Адыгэ Республикэм кьыкІа усакІуэ Заур зэрыпсэ Іуэхум теухуауэ жиІахэр щІэщыгъуэщ:

- Си гум гуфІэгъуэр из хъуащ – абы нэхъыбэ сыт кьыхэхъыфыщІ фестивалым! Абхъаз-адыгэ галерэм дисыху зыхэсщІар псалъэкІэ кьысхуэІуэтэнкъым! Телъыджэкъэ: ди усэхэр Рицэ и щІыпм джэрпэджэжу щхьэщысыскІырт. Дэ, журналистхэр, нэгъуэщІ къэралхэм дыщыІащ, Урысейм и форум, зэІущІэ куэдым дыхэтащ, Мыдджеи щызыхэтщІахэр псоми кьащхьэщокІ: гуапагъэрэ хуабагъэрэ зи яку дэлъ зы унагъуэшхуэу дызэхьыхьа хуэдэщ, иджыри зи щэху куэд къэтщІэну кьытпащхьэ Хэкум и Іэпплэ кьытхуэзыуихауэ. Датхьэкъуащ Абхъаз къэрал университетми, абы щыІэ абхъаз-адыгэ щэнхабзэмкІэ центрми. ЩІыхьэпІэм щыуфафэрт абхъаз, адыгэ, абазэ ныпхэр. Абы нэхъри гуапэу дигъэпІейтейрт. ТфІэфщІ усакІуэ Габелие Дмитрий етІанэгъэ Адыгейм щыдгъэльэпІэну ди насып кьыщІэзрихьар. Мы махуэхэм усыгъэм епха гупсысэкІэ дызэхъуэжну, ныбжьэгъу дызэхуэхъуну дыхунэсащ. Мы гъэм япэу проектым хэтащ Адыгэ Республикэр – ар мазэ ирехъу! - жиІащ абы.

- Сыхъум си унэ хуэдэщ. Мы фестивалыр иджыри зы щхьэусыгъуэ дахэ сухъхуащ си ныбжьэгъуэм сІуущІэ-нымкІэ. Фестивалыр си гум дихьащ, абы и дэтхэнэ Іыхьэми, узыщыгъуфыкІ щІэщыгъуэ хэлът. Іуэхум хэта

КЪАРДЭН Тимур: «Адыгэ лъэпкъым сызэрыщыщым сропагэ»

ФокІадэм и 11 - 16-хэм Абхъаз Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и дэІэпыкъуэгъуэкІэ, Пицундэ къалэм щекІуэкІащ макъамэмкіэ «Органные вечера в Пицундском храме» IX фестивалыр. Абы хэтащ Урысейм, Абхъазыбзэм, нэгъуэщІ къэралхэми я артистхэр (Налшык, Кисловодск, Москва, Саратов, Барнаул, Вена).

Дунейпсо зэхьэзэхуэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лауреат Къардэн Тимур иджы ящэу а фестивалым зыкъыщигъэлъэгъуащ. Абы и пшыхьым хигъэхьат XX - XXI лІэщІыгъуэхэм я барокко, романтизм музыкэм сыщыдихьэхар.

- **Тимур, гъуэзджэм дауэ узыІэпиша? Орган Іэмэпсымэр щхьэ къыхэпха?**

- Си сабиигъуэм си анэм макъамэм сызэрыхуэзэчиифІэм гу лыпэрэ, музыкэмкІэ школым сыщІигъэтІысхьат. Ди насыпти, сыкъыщылъэуа Щэджэм щІыналъэм иІэт апхуэдэ ешІэ. ЕгъэджакІуэхэр къызэдалуэщ, макъамэр зэрызэхэхыр къащІыгъэр, сыкъащтэ. 2003 гъэм аккордеонрэ кавказ пшынэрэ еуэн щІэздзащ. АбыкІэ икъукІэ егъэджакІуэ нэс схуэхъуа Щадз Паерэ и чэнджэщэмрэ дерсхэмрэ къыхсхуэсэбэпащ иужькІи, Абдежщ ялэ дыдэу Бах Себастьян Иоганн и органнэ макъамэ щыкІымрэ фугэ ля минорымрэ сыщеуар. Къапщтэмэ, абы зэманращ орган музыкэм сыщыдихьэхар.

2016 гъэм си гъащІэм зэрыщыту зихьуэжауэ жыпІэ хъунущ. Налшык зы члисэ щыкІуэм къыщыгъуэтащ Бережная Светланэ, абыкІэ зыгъэсэн, еуэн щІэздзащ икІи зы илъэсым къриубыдэу и щэхуэхэр зэзгъэхъуэлІэри, 2017 гъэм сэ езыр сыщІэтІысхьащ Кавказ Ищхъэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и къэрал институтым органымкіэ щІэныгъэ щыізэгъэгъуэтыну. Сыщеджэм кІуэ пэтми нэхъ кууэу сыдихьэхащ орган макъамэм, сыщІэхъуэпсырт духовой Іэмэпсымэм гъэнэгъу сыхуэхъуну.

2020 гъэм магистр сыхъуащ. ИкъукІэ егъэджакІуэфІхэр сиІащ - КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэ, профессор Гринченкэ Галинэ, Урысейм щІыхь зиІэ и артистхэ, Сафонов В.И. и цІэр зезыхьэ Кавказ Ищхъэрэ филармонием и унафэщІ Бережная Светланэ, СКГИИ-м лъэпкъ Іэмэпсымэхэмкіэ и кафедрэм и профессор Шэрыб Валерэ.

- **Мы зэманым уи лэжьыгъэмрэ къэкІуэнум уи мурадхэмрэ дыщыбгъэгъуэзамэ арат.**

- ЕджапІэм и магистратурэр къэзуха нэужь, Бережная Светланэ Іэнатіэ къысхуигъэлъагъуэри, 2020 гъэм и бадзэуэгъуэм къыщыщІэдзауэ езыр зи унафэщІ филармонием лэжьэн щІыщІэдзауэ. Симфоние оркестрым и гъусэуи си закъуэуи пшыхьхэм сыхэтщ. Апхуэдэуи къалэхэм зыкъыщыщызгъэлъэгъуэну сокІуэ. КъэкІуэну зэманым, дауи, сызыхуейр адэкІи мы си ІэщІагъэм зезгъэужьынырщ, апхуэдэуи сабийхэмрэ студентхэмрэ орган Іэмэпсымэм еуэным хуэзгъасэу къызэзгъэпэщынырщ. СыщІохьуэпс а макъамэ гъуэзджэм сыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщезгъэужьыныр.

- **Пицундэ щызэхэта фестивалым дауэ укърихьэлІа, Тимур?**

- Абы сыкъригъэблэгъащ органист Іэзэ, музыкант, Абхъаз Республикэм щІыхь зиІэ и артист Гаделие Лука. ИкъукІэ фІыщІэ инхузощ, апхуэдэ дзыхь къызэрызигъэзам папщІэ.

- **Пицундэ тхьэелъэІупІэм зыкъыщыбгъэлъэгъуэнри дауэ къыщыхьуа? Сыт хуэдэ гурыщІэхэр абы зыхыигъэщІа?**

- Псом япэр, дауи, сызэрыгъэзавэрт. Органистым зэман кІэщІым пэшым и акустикэр, абы макъамэр къыхэщыщІунэр зыхиущІэфын хуейщ. Орган Іэмэпсымэхэм дэтхэнэми я щхьэхуэныгъэ ящэщ, я къэуІэгъэри зыр адрейм ещхькъым. Пицундэ деж сызэуа Іэмэпсымэр лъэщт, макъамэ щыкІыжкІи къыпкІэ. Щыхьхыьм щІидзэн и пэ, Іэмэпсымэр зззгъэщІыхуну Іэмал сызэриІа пІалъэм сыхунэсащ дауи и фІагъэхэм гу лъыстэну. Пэшым щІэсахэм я Іэгуауэхэм сыщегъэгугъ ар фІыуэ къыззэхъуліауэ.

- **Фестивалыр, къапщтэмэ, езы Абхъаз щІыналъэр дауэ къыпщыхьуа?**

- Мыпхуэдэ зэхьыбэ сызэрыхэтам, пэжыр жысІэнщи, сигъэгушхуащ. Ар щекІуэкІа тхьэепсыгъуІэмэ сыдихьэхащ. Абдеж органым ущеуэныр гухэхъуэгъуэт. КъывгурыІуэн щхьэкІэ жысІэнщи, пшыхьхэм тещІыхьа пэшхэм зыкъыщыбгъэлъэгъуэнымрэ абыкІэ зэхуэдэхэм. Иужьрейм макъамэр къызэрыщІэлъыкІыр щхьэхуэщ. Пицундэ тхьэелъэІупІэм Іэмэпсымэм сыщыщІеуэм, абы и макъ псори си Іэпкъльэпкъыр игъэтхытхыу кІуэцІрыкІащ, пэшым щІэсахэми апхуэдэу зыхащІаУэ пІэрэ жысІэу сыщогугъ.

Абхъаз щыналъэр къызэрымыкІуэу си гум дыхьащ. Бгыхэри, щхъыантІагъэри, Пицундэ и тенджызкъабзэри, дэнэ джау гуапэу къыщыпІущІэ щІыхуэри, абхъазхэм я пІэпкъ и шхыныгъуэ ІэфІхэри. ИкъукІэ гуапэу псори къысІущІащ. Къыхэзгъэщіну сыхуейт, Пицундэ и орган концерт пэшым и унафэщІми лэжьакІуэхэми фІыщІэ зэрахуэсщІыр.

- **Адыгэ щэнхабзэм дауэ ухущыт?**

- Адыгэ лъэпкъым сызэрыщыщым сэ мыхьэнэшхуэ изот икІи сропагэ. Дэ лъэпкъ щэнхабзэ къулей къыддокІуэкІ икІи нэхъ ипэкІи апхуэдэ щымыІауэ адыгэ пшынальэхэр сэ органым къизгъэІукІыну иужь сихьащ. Абы и щапхъэщ сыызэхэта фестивалым апхуэдэ лэжьыгъэхэм сызэрыщеуар. Апхуэдэхэм ящыщ адыгэ композитор Нэхей Асльэн къигъэщІэрэщІажа макъамэр. КъищыкнэмыщІауэ, Даур Асльэн и Іэдакъэщіэкіхэри сфІэфІу утыку къызохьэ. Ари лъэпкъ пшынальэ куэдым елэжьыжащ, Апхуэдэщ Іэдииху и хъыбарым къытращІыкІа рапсодиер. Абыи си транскрипцэ иІэу, фестивалым къыщызэІуащ.

Щхьэхуэу хьыхьэгъэщІыну сыхуейт Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист, УФ-м, АР-м гъуэзджэхэмкІэ щІэзыІэ Іэ-жьакІуэ Хьэлупэ Джэбрэил и лэжьыгъэхэри. Си гуапэу утыку къызохьэ а композиторым ейхэри. Псальэм папщІэ, сеуащ абы и «Псыхэгъэм»: Адэкіи си мурадщ кавказ макъамэхэр, псом хуэмыдэу абхъаздадыгэ пшынальэхэр си пшыхьхэм нэхъыбэу хэзгъэхьэну.

- **Упсэу, Тимур. Уи мурадыбІхэр Тхьэм къуигъэхъулІэ!**

Епсэлъар
КАПШ Алъхъэсщ.
Абхъаз Республикэ.

● Фестивалхэр

Пшынауэхэм я Іэзагъэр къыщагъэлъагъуэ

Театр ЩхьэантІэм жэпуэгъуэм и 6-м щызэхуащІыжащ «Іуащхьэмахуэ и щыгум пшынауэ макъ щоІу» І урысейпсо фестиваль-зэпеуэм и кІэух концертыр. Ар къыщызэрагъэпэщащ УФ-м, КъБР-м щэнхабзэмкІэ я министерствэхэм, Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, Поленов В. Д. и цІэр зезыхьэ Цыхубэ творчествэмкІэ Урысейм и къэрал унэр я дэІэпыкъуэгъуу.

ФЕСТИВАЛЫР теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым кавказ пшынэм щыхуагъасэ и школыр илъэс 50 зэрырикъум. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Ингуш, Шэшэн, Къалмыкъ, Тэтэрстан республикэхэм, Ставрополь крайм, Москва къалэм, Архангельскэ, Орловскэ, Оренбург, Тверь, Саратов областхэм я пшынауэхэр.

- Фестивалым и хьэщІэхэмрэ республикэм исхэмрэ фІэхьус гуапэ фызох! Пшынауэ макъыр фІыуэ зымыльагъу къэгъэутыгъуейщ! Фестивалым хыхьэу екІуэкІа зэхьыхьэхэр фигу дыхьаеу, нэгъуэщІ фщыхьуауэ къыщІэкІыну дыщогугъ! - жиІащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - Мамырыгъэ, гуапагъэ, ехьулІэныгъэ, дахагъэ фи куэдыну сынывохьэхьэу!

Іуэхур зи жэрдэм икІи фестиваль-зэпеуэм и художественнэ унафэщІ, Поленов В. Д. и цІэр зезыхьэ Цыхубэ творчествэмкІэ Урысейм и Къэрал унэм макъамэ гъуэзджэмкІэ и къудамэм и унафэщІ, Москва и «Цыхубэ макъамэ Іэмэпсымэхэр» музыкэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и Правительствэм щэнхабзэмкІэ и саугъэтым и лауреат Цеп Анатолэ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым я лэжьакІуэхэм, фестиваль-зэпеуэр къызэгъэпэщащынымрэ ар егъэзыкІуэкІыныбзэ зи гуащІэ хэзыльхьахэм фІыщІэ яхуищІащ икІи жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм гуапэу къызэрырагъэблэгъар. Абы къыхиГъэщащ щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыпсэу, бзэкІэ зэщхьэщыкІ лъэпкъхэр макъамэ Іэмэпсымэхэм зэрызэкъуагъуевэр.

Цыхубэ творчествэмкІэ Урысейм и къэрал унэм и унафэщІ Портовэ Тамарэ кІэух концертым хэтхэм зэпэІэщІэу закъыхуигъэзащ. Абы фІыщІэ яхуищІащ КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, Гъуэзджэхэмкіэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым, Цыхубэ творчествэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр методикэ центрым, пшынэр фІыуэ зылъагъуэм, а макъамэ Іэмэпсымэм зезыгъэужьхьэм, щІэблэр абы дезыгъэхьэхэм, хуэзыгъасэхэм.

КІэух концертыр ягъэдхащ Адыгэ Республикэм и Тхэгъэмыкъуей щІыналъэм Щэнхабзэмкіэ и унэм адыгэ цыхубэ макъамэ Іэмэпсымэхэмкіэ и «Удж» ансамбльым, Абхъаз, Осетие Ищхъэрэ - Алание республикэхэм щІыхь зиІэ я артист Лыджыдз Алий, пшынауэхэу Къэжэр Артур (Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ), Тамаев Сослъэн, Умаров Джамбулат, Тебеевэ Альбинэ, Цегкоев Асльэнбэч (Осетие Ищхъэрэ - Алание), нэгъуэщІхэм. Фестиваль-зэпеуэм хэтахэм щІыхь тхьилъхэр ираташ.

КъэпщытакІуэ гупым хэтащ УФ-м пшынауэ щІэныгъэ яПэу щызэзыгъэгъэта, урысейпсо, лъэпкъхэм зздай зэпеуэхэм я лауреат, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Калмыков Геннадий (Орёл къалэ), Гнесинхэ я академиемкІэ «Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я макъамэ Іэмэпсымэхэр» и кафедрэм и егъэджакІуэ нэхъыщхьэ, «Тульская гармонь» фабрикэм и конструктор, «ГармоньDrive» гупым и продюсер, урысейпсо, международнэ зэхьэзэхуэхэм я лауреат Уханов Павел, Кавказ Ищхъэрэм и яПэ профессиональнэ пшынэуэ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестр, Темыркъан Борис и цІэр зезыхьэм, и лэжьакІуэ икІи концертмейстер, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэ, КъБР-м и Правительствэм и саугъэтым и лауреат Къашыргъэ Мадинэ.

Фестивалым хьыхьэу концертхэр, лекцэ щхьэпэхэр екІуэкІащ. Апхуэдэщ Гнесинхэ я цІэр зезыхьэ академием Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я макъамэ Іэмэпсымэхэмкіэ и кафедрэм и унафэщІ, профессор, педагогикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и цІыху Базиков Александрэ абы и лэжьагъу, баянымрэ аккордеонымкІэ кафедрэм и профессор, искусствоведенэмкІэ доктор, УФ-м гъуэзджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Имханицкий Михаилрэ я лекцэхэр. Къищынэмыщ1ауэ, щхьэпэт Дон Іус Ростов и къэрал консерваторэу Рахманиновэ Сергей и цІэр зезыхьэм баянымрэ аккордеонымкІэ и кафедрэм и унафэщІ, УФ-м и школ нэхъыщхьэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, профессор, методистхъухтакІуэ, жылагъуэ лэжьакІуэ Варавин Людмилэ и мастер-классыр.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Иужьрей джэгуГъуэм наІуэ къэхъунущ

● Футбол

Жэпуэгъуэм и 7 - 8-хэм Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и етІуанэ гупым щекІуэкІа зэІущІэхэм Налшык и «Спартак»-р хэтакъым, ауэ мыдрей командхэр зэрыздэжджэгуам кІэщІу щыгъуазэ фыхуэтщІынщ.

ЖЭПУЭГЪУЭМ и 7-м ялэу зэхуэзахащ Мэхьэчкалэ и «Динамо-2»-мрэ Псыхуэ-бэ и «Мэшыкъуэ-КМВ»-мрэ. ХьэщІэхэм турнир таблицэм и ялэ увыпІэм зыщагъэбыдэу, я ныкъэхъуэгъуэхэр зыкІэрагъэхун щхьэкІэ мэхъэчкъалэдэсхэр хагъэщІэн хуейти. Ар зрагъэхъулІащ. «Мэшыкъуэ-КМВ»-м и гъуэщхьэзыужьыкъуэ Тимаков Роман зэІущІэм и ялэ Іыхьэм и 10-нэ дакъикъэм дигъэкІа топым хэгъэрейхэм жэуап къахуетыжакъым. Зэхьэзэхуэр иухащ бжыгъэр 0:1-уэ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, псыхуабдзэхэм турнир таблицэм а бжыгъэр щагъэбыдащ.

А махуэхэм екІуэкІа зэІущІэхэм ящыщу Налшык и «Спартак»-м къыдэкІуэр нэхъыбэу зыкІэлъыплъар «Астрахань» командэр хьэщІапІэ щыІэу Владикавказ и «Алания-2»-м зэрыІущІарщ. Дауэ хъуми, абыхэм зы очко яфІэкІуэдатэмэ, е зэпеуэр ирагъэхъатэмэ, ди командэм ещанэ увыпІэм зэкІэ зыщигъэбыдэфынут. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дызэрыхуейм хуэдэу къыщІэкІакъым. Астрахань къикІахэр бжыгъэр 3:0-у текІуащ икІи апхуэдэ щыкІэкІикъытлъэщІыхьэжащ.

Дагъыстэным и «Легион», «Победа» командэхэр зэрытегъэкІуакъым. Ахэр 2:2-уэ зэдзджэгуащ.

КъыкІэлъыкІуэ джэгуГъуэм, жэпуэгъуэм и 14-м, «Спартак-Налшык»-р Владикавказ и «Алания-2»-м деж щыхьэщІэнущ.

БАТОКЪУЭ Албэч.

Урысей Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ лигэм и «Б» дивизионым и ЕтІуанэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Мэшыкъуэ-КМВ»	11	9	0	2	20-8	27
2. «Легион»	11	6	4	1	19-10	22
3. «Астрахань»	11	5	2	4	20-14	17
4. «Спартак-Налшык»	11	5	2	4	16-13	17
5. «Динамо-2»	12	2	5	5	10-13	11
6. «Алания-2»	11	2	2	7	14-31	8
7. «Победа»	11	2	1	8	12-22	7

● УФСБ-м къет

Сом мелуани 6,5-м щІигъу

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэхэм, экономикэм пыщІа щІэпхъаджагъэхэм пэщІэтыныжкІэ Іэзэхуэр щрагъэкІуэкІым къыщІагъэщащ «Дар» ООО-м и генеральнэ унафэщІ Кермеров А. А. зэрихьэ хабзэншагъэр - ар бюджет мылъкум куэду зэрыхэІэбар.

КЪЫЗЭРАХУТАМКІЭ, абы Іэщ гъэхъуным пыщІа Іэхэущ1апІэ иІэ хуэдэу 2015 - 2017 гъэхэм хьыбар нэпщІэхэр мгъэзэгъэуащ икІи аращ и лъабжьэу ираташ, апхуэдэуи лэжьакІуэ кІиштэ щІыхуэр я Іэщ1агъэм хуегъаджэным тригъэкІуэда мылъкур кІыІэрыхьэжын папщІэ къыдиха субсидиехэр. А хабзэншагъэм кърикІуащ хэщІыныгъэу сом мелуани 6,5-м щІигъу.

Налшык къалэ судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткІэ Керменов А. А. УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэм хуэдэ илэжьауэ къыпытащ икІи абы уэловнэу илъэси 5 тралъхьащ, къэралым ирита хэщІыныгъэр ипшынынущ.

Наркотикхэкіэр къытрахащ

Май районым щыпсэу, илъэс 41-рэ зи ныбжь щІыхуэхъум илэжь щІэпхъаджагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, КъБР-м щыІэ МВД-м я лэжьакІуэхэм, наркотикхэкІэр хабзэм ебакъуэу изыгъэкІэм пэщІэтІуэхуэр ирагъэкІуэкІыу, къыщІагъэщащ. Абы къытрахащ «марихуанэ» наркотикхэкІ грамм 903,62 рэ.

УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм къыщыхьа щІэпхъаджагъэм теухуа уголовнэ Іуэху къалэтащ. Хабзэм къызэрыгъэувымкІэ, апхуэдэ зылэжьар илъэси 10-м нэскІэ ягъэтІысащ.

Илъэси 5 тралъхьэнкІэ мэхъу

Щэджэм районым щыпсэу, илъэс 19 зи ныбжь щІалэм зэрихьэ щІэпхъаджагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыІэм, Урысей МВД-м и управленэм нэхъыщхьэу КИФЩІ-м щыІэм я лэжьакІуэхэм къызэпаудащ.

КЪЭДГЪЭЛЪЭГЪУАМ социальнэ сетхэм я зым ирилъхьащ 1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхэм нацист Германием щызэрихьахэр тэмэму къыщылъытэ тхыгъэхэр.

Урысейм Следствиемкіэ и комитетым Следствиемкіэ и управленэу КъБР-м щыІэм уголовнэ Іуэху къиІэтащ УФ-м и УК-м и 354.1-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм и «в» пунктым ипкъ иткІэ. Апхуэдэу хабзэм ебэкъуам илъэси 5-м нэс щытралъхьэ щыІэщ.

Зыгъэхьэзыр
УАРДЭ Жантинэщ.

● Спорт хъыбархэр

КІэрэф Темырлан Европэм и чемпионщ

Азербайджаным и къалащхъэ Баку Гимнастикэмкіэ и лъэпкъ аренэм жэпуэгъуэм и 1 - 4-хэм щекІуэкІащ бгырыпхкІэ зэбэныныжкІэ Европэпсо чемпионат. А зэхьэзэхуэм кърихьэлІа къэрал 19-м я спортсмену 300-м нэблагъэр щІэбэнащ медаль комплект 21-м.

ЧЕМПИОНАТМ хэта «классикэм» я зэпеуэм килограмм 82-рэ зи хьэлъагъэм я деж дыщэ медаль къыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакІуэ КІэрэф Темырлан. Ди щІалэм текІуэныгъэр къыщІигъэкІащ дунейпсо чемпионатэм блэнейрэ щытекІуа, Башкирием и спортсмен Зулкарнаев Артур.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм щытокІуэ

УФ-м и къалащхьэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Мэзкуу и благъуэ» кёкусинкай каратэмкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ къэралым и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм я спортсмену 500-м щІигъу.

КЪЭБЭРДЭЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и щІыхьыр ихъумэу зэхьэзэхуэм хэтащ Биткаш Давид икІи зи хьэлъагъыр килограмм 90-м щІхьэдэмыхьхэм я деж япэ увыпІэр къыщиухащ.

Давид зыгъасэр Биткаш Емельянищ.

Медалищ ди Іэрылъхьэу

Мэзкуу областым хыхьэ Наро-Фоминск къалэм щекІуэкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ урысейпсо зэхьэзэхуэ. УФ-м а спорт лІэужьыгъуэмкІэ 2024 гъэм щызэхэтыну зэпеуэшхуэм ягъэкІуэнухэр къызэрыхах мы зэІущІэм кърихьэлІащ илъэс 18-м щІимыгъуа спортсмен 380-м нэблагъэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакІуэхэм абы медалищ къыщахьащ.

КИЛОГРАММ 45-рэ зи хьэлъагъэм я деж ялэ увыпІэр щиубыдащ Бакъей Джэмал. КІэух зэхьэзэхуэм абы щыхигъэщІащ Тывам и бэнакІуэ Лопаа Темырлан.

Домбеякъ медалищ къахьащ КІуэкІуэ Темырланрэ (кг 55-рэ), Амчокъуэ Иналрэ (кг 71-рэ).

Хьэлъэ къэзыІэтхэр зэпоуэ

Краснодар крайм и Сукко къуажэм и «Смена» санаторэ-курорт зэгухьэныгъэм иджыблагъэ щекІуэкІащ СССР-м атлетикэ хьэлъэмкІэ щІыхь зиІэ и тренер Саркисян Юрийрэ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер Соколов Викторрэ я фэеплъу къызэрагъэпэща ещанэ урысейпсо зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЕУЭМ и медалхэм щІэбэнащ илъэс 13 - 15 зи ныбжь хъыджэбз, щІалэ 200-м нэблагъэ.

Килограмм 73-рэ зи хьэлъагъэм я деж зэпеуэм ялэ щыхуащ Ервасэ Залым, жимырэ рывокымрэ зэхэту абы къиІэтащ килограмм 215-рэ (95/120).

ЕтІуанэ увыпІэм дэкІуеящ Щоджэн Ислъам. Килограмм 81-рэ хьуэм я деж абы къыщиІэтащ килограмм 284-рэ (158/126).

ЩІалэхэр ягъасэ Настуев Юсупрэ Хьэщ-пакъ Мусарэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:
Жьэкіэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къанокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Асльэн, Нэщіэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариннэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ Іэщ1эмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78, 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитымкІэ хъумэныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхуэщ1апІэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.617
Заказыр №2198
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъыжкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкі Соня**, *корректорхэу* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(2, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*. *Корректорхэм я дэІэпыкъуэгъуу* **Елмэс ФатІимэ**.
Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ **Мэлбахъуэ Анжелэ, Щомахуэ Мариннэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.